



FLORIDA DEPARTMENT *of*
ECONOMIC OPPORTUNITY

Gid Resous sou Asistans Reyanplwa - COVID-19

Mizajou: 11 June, 2020

DEPATMAN OPÒTINITE EKONOMIK NAN FLORID | 107 East Madison St. Tallahassee, FL

Tab Matyè yo:

Elijibilite (mizajou 7/1/2020)	2
Kesyon Jeneral sou Asistans Reyanplwa (mizajou 6/5/2020)	5
Egzansyon sou Asistans Reyanplwa (mizajou 7/1/2020)	7
COVID-19 ak Asistans Reyanplwa (mizajou 6/5/2020)	8
CARES Act (mizajou 7/1/2020)	12
Kòman pou Aplike pou Asistans Reyanplwa (mizajou 7/1/2020)	16
CONNECT (mizajou 7/1/2020)	23
Resevwa Benefis pou Asistans Reyanplwa (mizajou 6/5/2020)	29
Abitraj (mizajou 6/5/2020)	33
Apèl (mizajou 6/5/2020)	35
Fwod ak Peman Anplis (mizajou 7/1/2020)	39
Magouy ak Vòl Idantite (mizajou 6/5/2020)	42
Mete Fen ak Reklamasyon yo (mizajou 6/5/2020)	44
Biznis Asistans Reyanplwa (mizajou 6/5/2020)	45

Kondisyon pou w Kalifye

- Ou te pèdi travay ou san se pa pwòp fòt ou, konsa ou pat kite travay la pou rezon pèsònèl ni se pa pou movèz kondwit ke yo te revoke w;
- Ou dwe totalman oswa patyèlman pap travay;
- Ou dwe gen yon kantite minimòm salè ke w touche nan sa yo rele "peryòd debaz la", ki se 12 premye mwa nan 15 dènye mwa de lè ou te depoze reklamasyon w lan;
- Nan lè wap aplike a, ou dwe kapab travay, disponib pou travay, epi ou dwe aktivman ap chèche travay. Sa vle di ou kapab fizikman fè yon travay epi ou gen gadri pou timoun ou si sa nesèsè.

Ou gen dwa pa ka resevwa benefis pou rezon sa yo:

- Ou te volontèman kite travay ou san rezon valab.
- Ou te jwenn revokasyon w pou movèz kondwit nan travay la.
- Ou te jwenn revokasyon w pou yon zak malonèt.
- Ou te refize aksepte yon òf travay konvenab.
- Ou te resevwa oswa ou pral resevwa salè olye de yon avi revokasyon.
- Ou te resevwa oswa ou pral resevwa Konpansasyon Travayè.
- Ou pap travay paske ou gen yon konfli ak travay la.
- Ou nan konje absans volontè.
- Ou pap travay paske yo te sispann ou.
- Ou ap resevwa benefis chomaj ki soti nan yon lòt eta.
- Ou fè yon fo deklarasyon oswa ou komèt fwod pou w ka jwenn benefis.
- Ou ap resevwa revni, tankou peman pou retrèt oswa dedomajman pou depa fòse.
- Ou pa kalifye pou jwenn lajan (sètadi ou pat travay ase nan peryòd debaz la)

Ou ta dwe:

- Touche salè* pou de (2) oswa plis trimès nan peryòd debaz la;
- Genyen yon salè nan peryòd debaz la, ki total omwen 1 ½ fwa salè trimès ki te pi wo a; epi
- Touche omwen \$3,400 salè total nan peryòd debaz la. Peryòd debaz pou reklamasyon w lan se kat (4) premye trimès nan senk (5) dènye trimès konplè anvan reklamasyon pou benefis ou an kòmanse.

* Gen kèk kalite travay ki pa dwe kouvri epi gen kèk salè ke w te touche pou sèvis ki pa kapab itilize pou kalkile elijiblite monetè pou benefis Asistans Reyanplwa yo.

Kalifikasyon akontinye w la ka petèt afekte si:

- Ou toujou ap travay oswa ou pasyèlman pap travay epi w touche plis ke montan benefis eta a oswa federal la.
- Ou pa ka travay epi ou pa disponib pou travay si yon travay ta vin disponib.
- Ou pat anrejistre avèk sistèm anrejistremman pou travay sou entènèt la (Employ Florida).

- Pou yo ka pi byen sèvi w, Gouvènè DeSantis te sispann egzijans sa a. Dekrè sa te anvigè depi 15 Mas, 2020 jiskaske, 1 Out 2020.

- Ou pat satisfè egzijans pou chèche travay ki nesèsè yo.

-Pou yo ka pi byen sèvi w, Gouvènè DeSantis te sispann egzijans sa a. Dekrè sa te anvigè depi 15 Mas, 2020 jiskaske, 1 Out 2020.

- Ou pat patisipe nan yon randevou obligatwa pou sèvis reyanplwa. Sant CareerSource chwazi randevou sa yo owaza, se pa tout moun ke yo chwazi pou ale nan sèvis sa yo.

- Ou tap travay pandan peryòd datant yon semèn.
 - *Pou yo ka pi byen sèvi w, Gouvènè DeSantis te sispann egzijans sa a. Dekrè sa te anvigè depi 29 Mas, 2020 pou jiskaske 1 Out 2020, sa ki vle di ou pral touche pou semèn datant lan si w te plen aplikasyon pou Asistans Reyaplwa w la pandan peryòd tan sa a.*

Kalifikasyon pou CARES Act –

Lwa sou Sekirite Ekonomik, Sekou, ak Èd Coronavirus, ke yo rele CARES Act, ki te antre anvigè nan dat 27 Mas 2020, pwolonje benefis Asistans Reyaplwa yo. Daprè CARES Act, yap peye tout moun benefis yo apati de dat yo te kalifye a. Nan moman sa a, moun ki aplike pou Asistans Reyaplwa kote COVID-19 te afekte travay yo negativman, ap swiv menm metòd aplikasyon, revizyon ak pwosesis pèman yo, menm jan ak tout lòt demandè pou Asistans Reyaplwa nan Florid yo. Pwogram ki enkli nan CARES Act yo se:

- **Konpansasyon Federal pou Chomaj nan ka Pandemi (FPUC, ti non an Anglè)** – daprè lwa Florid, pwogram sa a ap bay tout moun ki kalifye pou Reyaplwa oswa pwogram chomaj federal yon lòt \$600 chak semèn. Benefis sa yo disponib depi 29 Mas, 2020 pou rive 25 Jiyè 2020. Benefis sa a disponib pou semèn ki reklame ant 29 Mas 2020 - 25 Jiyè 2020, anplis de lajan ke yo dwe peye moun ki kalifye yo daprè lwa Florid.
 - * Yo ka retire taks federal sou Lajan sa a.
- **Asistans Chomaj nan Ka Pandemi (PUA, ti non an Anglè)** – Pwogram sa a ap bay moun ki pa tap òdinèman kalifye pou Asistans Reyaplwa, **jiska \$275** kòm benefis chak semèn, anplis de lajan FPUC a. Èd sa a enkli moun ki se travayè endepandan oswa anplwaye sou kontra. Pou moun ki kalifye, benefis sa a disponib pou semèn ke yo reklame apati 2 Fevriye 2020 pou jiska 26 Desanm 2020.
 - * Yo ka retire taks federal sou Lajan sa a.
- **Kalifikasyon pou PUA:** Ou kapab kalifye si w te pèdi travay ou oswa w te sispann travay akòz konsekans dirèk COVID-19, youn oswa plisyè nan bagay sa yo dwe rive: Ou vin pap travay, ou te planifye pou w kòmanse travay men ou pat ka komanse travay la oswa ou devni sous revni prensipal ak sipò pou fanmi w paske tèt fanmi lan te mouri, epi ou pa tap kalifye pou Asistans Reyaplwa eta a. Sa enkli Gigè, travayè endepandan oswa anplwaye ki sou kontra.

Ou gen dwa pa kalifye pou Asistans Chomaj nan ka Pandemi si:

- Se **pa** COVID-19 dirèkman ki fè w pap travay.
 - Ou kalifye pou benefis Asistans Reyaplwa oswa benefis pwolonje daprè lwa Eta a, oswa lwa federal, oswa konpansasyon ijans pou chomaj nan ka pandemi (PEUC, akwonim an Anglè).
 - Ou gen kapasite pou fè tele-travay epi wap resevwa yon salè.
 - Ou ap resevwa lajan konje peye pou maladi oswa lòt benefis konje peye.
 - Ou **pa** kapab epi w pa disponib pou travay.
 - Ou vin ap travay.
 - Ou ap resevwa salè ki plis pase montan benefis chak semèn eta a oswa federal la.
 - Ou komèt fwod pou w te ka jwenn benefis PUA.
- **Konpansasyon Ijans pou Chomaj nan ka Pandemi (PEUC, akwonim an Anglè)** – bay **jiska \$275** benefis chak semèn epi yap pèmèt **jiska 13** lòt semèn benefis ki ajoute nan fen benefis Asistans Reyaplwa a, an plis de lajan FPUC. Sa vle di reklaman yo ka resevwa benefis

chomaj pou yon peryòd tan ki pi long pase nan sikonstans nòmal yo. PEUC ap bay **jiska** \$275 lajan benefis chak semèn.

* Yo ka retire taks federal sou Lajan sa a.

DEO pral rasanble tout enfòmasyon sou travay ou yo epi detèmine si w kalifye. Lè depatman an fin resevwa enfòmasyon konsènan reklamasyon w lan, me sa ki pral pase:

- Yo pral refere reklamasyon w lan bay yon reprezantan Asistans Reyanplwa pou detèmine si w kalifye.
- Yo ka petèt kontakte w nan telefòn, imèl oswa atravè lapòs pou plis enfòmasyon.
- Yap pran yon desizyon diferan pou chak separasyon ak travay ki ka afekte reklamasyon w lan.
- Yo ka pran lòt desizyon pou chak kondisyon elijiblite ki ka afekte reklamasyon w lan.

Kesyon Jeneral sou Asistans Reyanplwa

Kesyon: Kisa Asistans Reyanplwa ye?

Repons: Asirans pou Chomaj te chanje non, nouvo non an se Asistans Reyanplwa ki reflekte objektif global ke yon genyen pou ede tout Floridyen jwenn travay pandan yo nan chomaj gras a fòmasyon ke yap resevwa nan sant CareerSource yo nan Florid, epi ba yo èd monetè, lè yo kalifye.

Kesyon: Kòman map fè konnen si mwen kalifye pou benefis reyanplwa?

Repons: Tanpri ale sou FloridaJobs.org pou aplike pou Benefis Asistans Reyanplwa. Lè nou fin revize aplikasyon w lan, nap fè w konnen si w kalifye. Nap voye yon desizyon bay ou alekri kap sou fòm elektwonik ak/oswa atravè lapòs pou eksplike estati kalifikasyon w lan.

- Si w kalifye, ou pral resevwa lajan pou tout semèn ke w te fè demann yo pandan pwosesis de(2) semèn lan.
- Si w pa kalifye, desizyon alekri a pral eksplike rezon ki fè nou refize reklamasyon w lan epi lap eksplike dwa apèl ou yo.
- Si w pa dakò avèk yon desizyon ki refize w benefis, ou ka fè demann pou yon odyans apèl.

Lè nap revize reklamasyon w lan, nap chèche reponn plizyè kesyon ki pral afekte kalifikasyon w. Me kèk egzanp:

- **Kesyon sou Abilite w ak Disponibilite w:** Anplis de revize pou kisa ou te pèdi travay ou a, nap gade si w kapab travay ak disponib pou travay. Kapab travay vle di ou fizikman kapab ranpli fonksyon ki nan kalite travay wap cheche a. Disponib pou travay vle di ou aktivman ap chèche travay, epitou ou pare ak ou volontè pou aksepte travay la.
- **Revokasyon:** Si yo te revoke w nan travay la, nou pral gade pou ki rezon. Patwon an dwe montre ke li gen rezon ki jis ki fè li te kite w ale, tankou movèz kondwit nan travay la.
- **Kite Travay la Volontèman:** Si w te volontèman kite travay la, ou dwe montre ke w te kite travay la pou rezon valab.

Gen lòt faktè ki ka afekte kalifikasyon w, epi ap gen yon reprezantan Asistans Reyanplwa ki disponib pou ede w nan pwosesis la. Sa ki pi enpòtan pou w fè se pou reponn tout kesyon yo byen epi fè sa pi vit ke posib. Toujou konnen ke w ka poze nou kesyon nenpòt ki lè pandan pwosesis la, ou ka rele **1-833-FL-APPLY (1-833-352-7759)**.

Kesyon: Ki enfòmasyon ak dokiman map bezwen rasanble anvan m kòmanse plen aplikasyon an?

Repons: Pou asire aplikasyon w lan konplè epi pou yo trete l avèk efikasite, wap bezwen enfòmasyon sa yo pou w ka soumèt aplikasyon an bay Asistans Reyanplwa:

- Nimewo Sekirite Sosyal
- Lisans chofè oswa nimewo Kat Idantite (ID) Eta a
- Enfòmasyon sou travay ou pou 18 dènye mwa yo pou chak patwon.
- Nimewo idantifikasyon Patwon an, ke yo osi rele Nimewo FEIN, si li disponib. Wap ka jwenn nimewo sa a sou fòm taks W2 a oswa 1099 ou a.
- Non Patwon an (non patwon an ap sou resi chèk la), adrès, ak nimewo telefòn patwon an.
- Dat premye ak dènye jou travay.

- Salè brit (anvan yo retire taks) ki kouvri 18 dènye mwa yo
- Rezon ki fè w te separe avèk travay la.

Si youn nan kritè sa yo aplikab pou ou, asire ke w gen enfòmasyon siplemantè sa yo disponib:

- Si w pa yon Sitwayen Ameriken: Wap bezwen Nimewo Anrejistreman Etranje w oswa lòt fòm otorizasyon pou travay.
- Si w se yon anplwaye militè: Wap bezwen kopi DD-214 Member 4 ou; si w pa gen yon Member 4, ou ka itilize kopi Member 2-7 ou a.
- Si w se yon anplwaye Federal: Wap bezwen SF-8 oswa SF-50.
- Si w se yon manm Sendika: Wap bezwen non Sendika a, nimewo sal sendika a, ak nimewo telefòn yo.

Eksepsyon sou Asistans Reyaplwa pou moman COVID-19

Kesyon: Mwen te tande ke yo siprime semèn datant lan pou Asistans Reyaplwa, kisa sa vle di?

Repons: Aprè w te fin depoze reklamasyon w lan epi yo aksepte l, eta Florid te konn egzije pou w rete "tann pou yon semèn" kote yo pap peye reklaman an okenn benefis nan semèn datant lan. Akòz pandemi COVID-19, **Gouvènè DeSantis te sispann egzijans pou rete tann pou yon semèn pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa a, dekrè sa a te antre an vigè nan dat 29 March, 2020 pou jiska 1 Out, 2020.**

Kesyon: Gouvènè DeSantis te sispann egzijans pou rete tann pou yon semèn nan, pou kisa m poko touche?

Repons: Yo dwe trete reklamasyon w lan pou detèmine si w kalifye pou benefis yo anvan yo peye w pou semèn datant lan. Epiou wap bezwen reklame de (2) premye semèn benefis ou yo anvan yo peye w pou semèn datant lan. Akòz pandemi COVID-19, Gouvènè DeSantis te sispann "semèn datant lan" pou Floridyen yo ka elijib pou benefis nan premye semèn chomaj la, kote yo pa tap kapab kalifye anvan si gouvènè a pat fè sa. **Egzijans sa a te sispann pou peryòd 29 March, 2020 epi lap espire 1 Out, 2020; se aprè dat sa, reklaman yo pral oblije rete tann pou yon semèn anvan yo resevwa peman benefis yo.**

Kesyon: Mwen tande egzijans pou chèche travay yo te sispann, kisa sa vle di?

Repons: Gouvènè DeSantis te sispann egzijans pou chèche travay yo pou moun ki te fè yon demann pou benefis *apati de 15 Mas, 2020 pou jiska 1 Out, 2020*. Si w te soumèt yon aplikasyon pandan peryòd tan sa a, ou pap gen obligasyon pou konplete anrejistreman pou travay la sou Employ Florida. Yo ka mande w pou anrejistre nan Employ Florida oswa ou ka resevwa yon mesaj nan sistèm Asistans Reyaplwa, sepandan ou pa bezwen anrejistre. Si w te ranpli aplikasyon w lan anvan 15 Mas, 2020, ou dwe ranpli anrejistreman pou travay la sou entènèt.

Kesyon: Mwen tande egzijans pou chèche travay yo te sispann, kisa sa vle di?

Repons: Gouvènè DeSantis te sispann egzijans pou chèche travay yo pou moun ki te fè yon demann pou benefis *apati de 15 Mas, 2020 pou jiska 1 Out, 2020*. Lè wap ranpli demann lan, yo pral poze w kesyon konsènan rechèch travay, kapasite w ak disponibilite w pou travay pou semèn chomaj wap reklame a. Si w pat chèche travay akòz egzansyon an, ou ka chwazi "non" lè yo mande w si w te chache travay nan semèn sa a. Aprè w fin chwazi non, kontinye nan lòt etap sa yo nan pwosesis la. Si w reponn negativman, ke ou pat chèche travay, yo pa pral mande w pou ranpli yon jounal sou rechèch travay. Men, Yo ka mande w lòt kesyon ke w dwe reponn pou w ka avanse avèk pwochen etap pwosesis demann lan. Egzanp kesyon yo ka mande w: pou kisa w pat chèche travay; Eske w pat gen transpò; Eske w pa te gen moun pou gade pou timoun ou yo; oswa eske w pat nan zòn nan? Si w te chèche travay, yo ka mande w pou ranpli yon jounal rechèch travay.

Kesyon: Mwen tande yo sispann kondisyon pou semèn sètifikasyon pou "semèn ou reklame yo," ki sa vle di?

Repons: Akòz COVID-19 epi pou nou ka pi byen sèvi w, Gouvènè DeSantis te tanporèman sispann obligasyon pou bay rapò chak de (2) semèn lan pou jiska 9 Me, 2020. Sepandan, pou konfòme avèk lwa federal, pou semèn ki kòmanse apati 10 Me 2020, reklaman yo oblije retounen sou sistèm CONNECT chak de (2) semèn pou fè demann pou benefis yo oswa pou "reklame semèn yo." Konsa,

reklaman ap konfime ke yo toujou pap travay epi sètifye ke yo kapab ak disponib pou travay si yo ta ofri yon travay.

Pou reklame semèn ou yo, [klike ista la](#) pou w ka antre sou sistèm CONNECT epi pou asire ke w swiv mach-a-swiv ki nan gid etap-pa-etap la [isit la](#).

Asistans Reyaplwa ak COVID-19

Kesyon: Ki resous ki disponib pou moun, biznis ak kominote yo?

Repons: Gen plizyè resous nasyonal ak federal ki disponib pou moun, biznis ak kominote a. Ale sou FloridaJobs.org/COVID-19 pou plis enfòmasyon sou resous ki disponib yo.

Kesyon: Patwon mwen an te fèmen biznis li tanporèman akòz COVID-19. Dat yo te ban mwen pou m retounen travay la se nan 8 semèn apati de dat yo te voye m ale a. Kòman pou m fè demann pou benefis Asistans Reyaplwa yo?

Repons: Ou kapab kalifye pou benefis Asistans Reyaplwa akòz travay la te revoke w tanporèman. Si w nan yon revokasyon tanporè, ou pa bezwen chèche travay lòt kote, men ou dwe kapab travay, rete an kontak avèk patwon w lan epi ou dwe disponib pou travay pou lè patwon an rele w pou retounen vin travay. Ou ka ranpli yon aplikasyon sou entènèt nan FloridaJobs.org. Si w pat janm fè yon demann pou benefis nan Florid deja, chwazi “**Depoze yon Reklamasyon pou Benefis Asistans Eta a oswa Federal.**”

Kesyon: E si revokasyon tanporè m nan vin pèmanan epi patwon m nan fèmen biznis li akòz COVID-19?

Repons: Ou kapab kalifye pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa si patwon w lan pa gen travay ki disponib, biznis lan fèmen, oswa pozisyon w lan elimine akòz koupi ki gen nan bidjè yo epi yo pa ba ou yon dat wap retounen travay. Sepandan, pou w kalifye pou benefis Asistans Reyaplwa, ou dwe ranpli tout lòt kondisyon kalifikasyon yo.

Kesyon: Patwon m nan redwi sou lè travay mwen akòz COVID-19. Eske m ap kalifye pou benefis Asistans Reyaplwa?

Repons: Nap ankouraje tout travayè ke COVID-19 afekte pou yo aplike pou benefis Asistans Reyaplwa. Si lè travay ou ak salè w te vin redwi konsiderableman, ou kapab kalifye pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa. Nap ankouraje tout travayè ke COVID-19 afekte pou yo aplike pou benefis Asistans Reyaplwa. Ekip Asistans Reyaplwa a ap revize aplikasyon w lan epi yap detèmine kalifikasyon w pou benefis yo.

Kesyon: Travay mwen baze sou evènman epi anpil nan travay mwen te genyen nan orè m anile. Èske mwen kapab kalifye pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa?

Repons: Si w pap travay paske pa gen travay ki disponib, ou kapab kalifye pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa.

Kesyon: Distri lekòl lokal mwen an fèmen epi mwen dwe rete lakay avèk timoun mwen yo. Èske mwen kapab kalifye pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa?

Repons: Benefis Asistans Reyaplwa yo disponib pou moun ki pap travay san se pa pwòp fòt yo. Si w pap travay akòz rezon pèsònèl, ou pap kalifye pou benefis Asistans Reyaplwa. Ou ka petèt elijib pou Asistans Chomaj nan ka Pandemi dapre CARES Act. Ou ka ranpli yon aplikasyon sou entènèt nan FloridaJobs.org pou detèmine posibilite pou resevwa benefis.

Kesyon: Èske map bezwen ranpli yon aplikasyon espesyal pou benefis Asistans Reyaplwa paske COVID-19 te afekte finans mwen?

Repons: Non. Aktyèlman, aplikasyon nòmal pou benefis Asistans Reyaplwa a se pou moun ke COVID-19 afekte. Ou ka plen yon aplikasyon sou entènèt nan FloridaJobs.org. Yap fè w konnen si gen

okenn dokiman oswa enfòmasyon siplemantè ki nesèsè ke ekip Asistans Reyaplwa a bezwen pou yo ka konplètman revize ak demare avèk pwosesis aplikasyon w lan.

Sepandan, ou ka bezwen ranpli yon lòt aplikasyon pou Asistans Chomaj nan moman Pandemi (PUA). Sistèm Asistans Reyaplwa a pral envite w pou plen yon aplikasyon PUA yon fwa ke yo detèmine ou pa kalifye pou benefis Asistans Reyaplwa regilye. Wap bezwen plen yon lòt aplikasyon pou konpansasyon ijans pou chomaj nan ka pandemi (PEUC, ti non an Anglè), ki founi dapre CARES Act. Ale sou FloridaJobs.org/CARES-ACT pou plis enfòmasyon sou PEUC.

Kesyon: Patwon mwen an te fèmen tout operasyon l yo tanporèman paske yon anplwaye te malad, epi yo te mande nou pou nou izole tèt nou oswa pou nou mete tèt an karantèn akòz kriz COVID-19 la. Èske m ap kalifye pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa?

Repons: Si patwon w lan fèmen tout operasyon l yo epi pa gen travay ki disponib, ou kapab kalifye pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa. Ou ka ranpli yon aplikasyon sou entènèt nan FloridaJobs.org pou detèmine posibilite si w ka resevwa benefis yo.

Kesyon: Si yo fòse m pou rete lakay paske yon pwofesyonèl medikal oswa dapre lòd gouvènman an, pou mwen an karantèn, èske map kalifye pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa yo?

Repons: Ou kapab kalifye pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa yo, men ou dwe kapab ak disponib pou travay. Ou ka ranpli yon aplikasyon sou FloridaJobs.org pou detèmine si w kalifye pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa.

Kesyon: Èske mwen oblije al chèche lòt travay si patwon mwen an fèmen tanporèman paske nou nan kriz COVID-19?

Repons: Ou pa oblije al chèche travay si ou gen yon dat pou retounen travay nan uit (8) semèn aprè dat revokasyon tanporè a.

Kesyon: E si patwon mwen pèdi biznis li an akòz kriz COVID-19?

Repons: Si w ranpli tout kondisyon kalifikasyon yo, benefis Asistans Reyaplwa yo ap disponib pou moun ki pap travay san se pa pwòp fòt yo. Ou ka ranpli yon aplikasyon sou entènèt pou detèmine posibilite pou w ka resevwa benefis Asistans Reyaplwa.

Kesyon: Èske gen benefis ki disponib si mwen pap travay akòz kriz COVID-19 epi mwen se yon travayè endepandan?

Repons: Si w se yon travayè endepandan, Ou ka depoze yon aplikasyon sou entènèt pou detèmine si gen posibilite pou w ka resevwa benefis Asistans Reyaplwa. Akòz CARES Act, moun ki se yon travayè endepandan, antreprenè endepandan ak moun ki pa kalifye pou benefis Asistans Reyaplwa eta a ak moun ki fin itilize tout benefis eta ak federal yo, ka elijib. Kalifikasyon pou Asistans Chomaj nan moman Pandemi an (PUA). Kalifikasyon an pa pou moun ki gen kapasite pou fè tele-travay kap resevwa salè, oswa moun ki ap resevwa konje maladi peye, oswa lòt benefis konje peye. PUA ap peye w **jiska \$275** chak semèn plis yon lòt \$600 Konpansasyon Chomaj nan ka Pandemis (FPUC, ti non an Anglè). Tanpri, ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram CARES Act la nan seksyon CARES Act ki nan gid resous sa a.

Kesyon: Aktyèlman mwen pap travay, men m santi mwen bezwen pou m mete tèt mwen an karantèn. Èske mwen kalifye pou benefis yo?

Repons: Ou dwe kapab ak disponib pou travay pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa. Kapab travay vle di fizikman ak mantalman gen kapasite pou fè travay ki nan okipasyon wap chèche travay

la. Disponib pou travay vle di ou aktivman ap chèche travay epitou ou pare ak ou vle aksepte travay ki apwopriye. Yo konsidere yon moun disponib pou travay si li pa gen okenn limit sou moun nan ki konstitye yon anbara sou mache travay la.

Kesyon: Èske m dwe toujou ale nan sant CareerSource pou randevou obligatwa m lan nan moman sa a?

Repons: Tanpri kontakte sant [CareerSource](#) ki te avize w de randevou w la pou w ka pran yon lòt randevou epi chèche konnen ki pwosedi ke yo genyen, paske yo ka limite pou moun prezante an pèsòn/oswa entèdi pandan moman pandemi COVID-19.

Kesyon: Patwon mwen an fenk rele m pou retounen travay. Kòman pou m kanpe benefis mwen yo?

Repons: Si aktyèlman wap resevwa benefis Asistans Reyansplwa epi ou pa vle resevwa benefis yo ankò, senpleman pa reklame semèn yo ankò, epi pèman yo ap sispann.

Kesyon: Mwen pral tounen travay, men yap diminye sou lè travay mwen. Èske m ap pèdi benefis mwen yo?

Repons: Nenpòt salè ou touche ka afekte elijibilite w pou resevwa benefis oswa sa ka diminye kantite lajan wap resevwa chak semèn lan. Si w touche plis pase montan benefis Eta a bay chak semèn lan, ou pap kalifye pou benefis yo. Ou dwe kontinye reklame semèn ou yo sou CONNECT epi rapòte tout salè w touche. Sonje byen, ou dwe deklare salè wap touche pou semèn ou travay la, se pa nan semèn ou pral touche a.

Kesyon: Yo te rele m pou retounen travay, men mwen enkyete pou m pa ekspoze ak COVID-19. Ki opsyon mwen genyen pou m rete nan Asistans Reyansplwa?

Repons: Anjeneral, ou wap diskalifye pou resevwa plis benefis Asistans Reyansplwa, si w pa aksepte yon travay konvenab san rezon valab oswa si w pa retounen travay nan lè patwon an mande w pou vini travay la. Si patwon an te rele w pou retounen travay epi w pa retounen travay, ou dwe rapòte ke ou refize yon òf pou travay lè wap reklame pou semèn yo nan sistèm CONNECT. Wap gen yon opòtinite pou bay plis enfòmasyon sou rezon ki fè w pat retounen nan travay la. DEO ap detèmine elijibilite w pou benefis Asistans Reyansplwa sou yon baz ka-pa-ka. Anplis de sa, dapre konsèy Depatman Travay nan peyi Etazini, yon moun ki pa retounen travay akòz enkyetid jeneral sou si lap ekspoze ak COVID-19 epi li pa satisfè okenn lòt kritè ki gen rapò ak COVID19 yo, pap kalifye pou PUA.

Kesyon: Mwen kwè ke mwen nan gwo risk pou m ekspoze a COVID-19 si mwen retounen nan travay mwen. Èske mwen pral pèdi benefis yo si mwen refize tounen travay?

Repons: Si w gen yon kondisyon medikal ki mete w nan gwo risk pou w vin maladi anpil si w enfekte avèk COVID19, epi patwon w lan pa kapab ofri w yon espas travay ki an sekirite oswa travay wap fè a pa pèmèt pou yon aranjan rezonab pou travay lakay, ou kapab gen yon rezon valab pou pa retounen travay epi ou kapab kalifye pou resevwa benefis. Ou ka founi dokimantasyon ki soti nan men yon pwofesyonèl medikal pou konsidere kòm prèv ke ou reyèlman gen kondisyon medikal ki mete w sou gwo risk.

Ou dwe rapòte ke ou refize yon òf pou travay lè w ap reklame semèn ou yo nan sistèm CONNECT. Ou pral gen yon opòtinite pou bay plis enfòmasyon sou rezon ki fè w pa ka retounen travay lè w ap bay rapò sa a. DEO pral detèmine kalifikasyon pou benefis chomaj sou yon baz ka-pa-ka.

Kesyon: Yo te rele m pou tounen travay, men pitit mwen yo nan vakans epi mwen pa ka kite yo pou kont yo nan kay la. Èske m ka refize tounen travay epi eske map toujou jwenn benefis mwen yo?

Repons: Lwa sou Sekirite Ekonomik, Sekou, ak Èd Coronavirus, ke yo rele CARES Act, ki te antre anvigè nan dat 27 Mas 2020, te kreye Asistans pou Chomaj nan moman Pandemi an (PUA ti non an Anglè). PUA kapab disponib pou yon moun ki elijib ki pap travay, ki pap travay an pati, oswa ki pa kapab travay paske yon timoun nan kay la, ke moun lan gen responsablite prensipal pou bay timoun nan swen, paske timoun nan pa kapab ale lekòl ni tout lòt etablisman gadri fèmèn akòz konsekans dirèk COVID-19, epi lekòl la oswa etablisman gadri a nesèsè pou moun nan ka ale travay. Si w kwè ke ou kapab kalifye pou PUA, tanpri ale nan FloridaJobs.org epi chwazi "Depoze yon Reklamasyon" pou ka aplike.

Kesyon: Patwon mwen an ofri m travay mwen bak, men mwen ta pi pito itilize benefis Asistans Reyanplwa yo. Èske mwen ka refize pran travay la?

Repons: Non. Si patwon w lan ofri w travay epi ou refize aksepte l poutèt ou vle resevwa benefis Asistans Reyanplwa, ou pap kapab kalifye pou benefis yo ankò. Anplis de sa, Depatman Travay nan peyi Etazini prevwa ke yon moun pap kalifye pou PUA si li refize retounen travay lè yo rele l pou tounen travay paske moun nan te vle resevwa benefis chomaj.

Kesyon: E si mwen nan karantèn nasyonal pou COVID-19 epi patwon m nan te rele m pou tounen travay? Mwen oblije kite travay la pou m ka rete an karantèn. Èske mwen ka toujou resevwa benefis yo?

Repons: Si w pap travay, ou pap travay an pati, oswa ou pa ka travay ni ou pa disponib pou w travay paske yo enpoze yon karantèn akòz konsekans dirèk ijans sante piblik pou COVID-19, ou kapab kalifye pou PUA.

Lwa sou Sekirite Ekonomik, Sekou, ak Èd Coronavirus (CARES) Act

Kesyon: Kisa CARES Act ye?

Repons: Vandredi ki te 27 Mas, 2020 an, Prezidan Trump te mete an vigè yon pwogram relansman ekonomik ki nan \$2 trilyon dola pou ede moun, biznis ak kominote yo ke COVID-19 te afekte ekonomikman atravè tout nasyon an. Pwogram sa a ofisyèlman rele Sekirite Ekonomik, Sekou, ak Èd Coronavirus (CARES) Act, ki ofri sekou ekonomik ak sipò lajan a tout moun ki nan bezwen.

Kesyon: Ki pwogram ki nan CARES Act?

A: Gen plizyè pwogram benefis ki enkli nan CARES Act federal. Tanpri gade pwogram ki anba yo:

Lwa Federal sou Konpansasyon Chomaj nan ka Pandemi (FPUC, ti non an Anglè) –FPUC ofri moun ki kalifye yo \$600 chak semèn dapre lwa Florid oswa law Federal sou Asistans Reyaplwa. Benefis sa a disponib pou semèn reklamasyon depi 29 Mas, 2020 pou rive 1 Out 2020 anplis de lajan ke yo dwe peye w dapre lwa Florid yo.

*Akòz amelyorasyon kap fèt nan sistèm Asistans Reyaplwa, DEO te kòmanse peye lajan benefis \$600 FPUC nan semèn 13 Avril 2020. Si w kalifye pou Benefis Asistans Reyaplwa epi w te deja bay nimewo kont labank ou nan sistèm Asistans Reyaplwa, ou pral resevwa yon depo dirèk sou kont labank ou. Si w pat bay kont labank ou, wap resevwa yon chèk nan adrès postal ou te bay sou kont ou a.

Asistans Chomaj nan Ka Pandemi (PUA, ti non an Anglè) – PUA ap ofri èd a moun ki pa tap jeneralman kalifye pou Asistans Reyaplwa. Sa enkli moun kap travay endepandan oswa anplwaye ki anba kontra. PUA ap peye benefis **jiska \$275** pou chak semen, plis (\$600) lajan FPUC pou semen reklamasyon ki ant 29 Mas, 2020 pou rive 1 Out 2020.

* Ou ka aplike pou asistans sou entènèt nan [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org).

Lwa Federal sou Konpansasyon Chomaj nan ka Pandemi (PEUC) – PEUC pèmèt jiska 13 lòt semèn benefis pou moun ki fin epwize reklamasyon Asistans Reyaplwa yo. Sa vle di moun kap fè reklamasyon yo ka kolekte lajan chomaj pou yon peryòd tan ki pi long pase sikonstans nòmal yo. PEUC ap bay moun jiska \$275 lajan benefis chak semèn, plis (\$600) lajan FPUC a pou semèn reklamasyon ant 29 Mas, 2020 jiska 1 Out 2020.

Tanpri ale sou [FloridaJobs/CARES-Act](https://www.floridajobs.org/CARES-Act) pou plis enfòmasyon sou PEUC, FPUC ak PUA.

Kesyon: Kisa nouvo CARES Act pral ofri m kòm Asistans Reyaplwa?

Repons: Pou semèn reklamasyon apati de 29 Mas, 2020, CARES Act ap bay moun ki kalifye yo \$600 chak semèn anplis de montan lajan benefis chak semèn ke lwa eta a te detèmine a.

Kesyon: Si mwen se yon travayè endepandan, èske map bezwen depoze yon reklamasyon sou entènèt pou Asistans Reyaplwa?

Repons: Wi, ou pral premyèman bezwen depoze yon reklamasyon sou entènèt nan [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org) pou wè si w kalifye pou reklamasyon Asistans Reyaplwa eta a. Apre w fin soumèt reklamasyon w lan, kontinye tcheke kont Asistans Reyaplwa w la pou tout mizajou. Si w pa kalifye pou Asistans

Reyanplwa eta a, ou kapab kalifye pou Asistans Chomaj nan moman Pandemi an (PUA) dapre CARES Act. Ou ka ranpli yon aplikasyon sou entènèt nan [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org) pou detèmine si w kalifye pou benefis PUA.

Kesyon: Èske mwen bezwen soumèt yon lòt aplikasyon pou m ka resevwa lòt \$600 pou chak semèn reklamasyon m yo?

Repons: Non, si w te depoze yon nouvo reklamasyon pou benefis Asistans Reyanplwa epi li an pwosès; oswa ou gen yon reklamasyon ki deja egziste, ou pa bezwen ranpli yon lòt aplikasyon pou resevwa benefis siplemantè \$600 (FPUC). DEO te kòmanse peye lajan \$600 FPUC a nan dat 13 Avril 2020. Si w kalifye pou Benefis Asistans Reyanplwa epi w te deja bay enfòmasyon kont labank ou nan sistèm Asistans Reyanplwa, yap depoze lajan an dirèkteman sou kont ou. Si w pat bay enfòmasyon kont labank ou, ou pral resevwa yon chèk nan adrès pòstal ou te bay nan dosye a.

Kesyon: Èske map kalifye pou benefis si mwen se yon kontraktè endepandan?

Rpons: Wi, dapre CARES Act, moun ki se yon travayè endepandan, kontraktè endepandan ak moun ki otreman pa elijib pou benefis Asistans Reyanplwa eta a ak moun ki fin itilize tout benefis eta ak federal yo ka kalifye pou Asistans pou Chomaj Pandemik. Sepandan, kalifikasyon pou Asistans Chomaj nan moman Pandemi an pa pou moun ki gen kapasite pou fè tele-travay ak moun kap resevwa salè oswa moun ki ap resevwa konje maladi peye oswa lòt benefis konje peye.

An jeneral, moun ki gen revni ke yo ganye sèlman nan travay endepandan oswa kap travay kòm yon antreprenè endepandan pap kalifye pou benefis asistans reyanplwa. Sepandan, si yon antreprenè endepandan oswa yon travayè endepandan endividyèl te osi resevwa salè nan travay li fè kòm yon anplwaye (sètadi, li te gen yon lòt travay avèk yon patwon) pandan peryòd debaz la (premye 12 mwa nan 15 dènye mwa yo), li kapab kalifye pou resevwa benefis asistans reyanplwa.

Kesyon: Ki kote gigè yo ka aplike?

Repons: Si ou se yon gigè, wap ka aplike pou benefis menm jan ak tout lòt moun aplike pou benefis Asistans Reyanplwa, sou entènèt nan [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org). Wap bezwen ranpli aplikasyon pou Asistans Reyanplwa eta a pou detèmine si w kalifye pou benefis yo. Si w pa kalifye, yo pral ba w yon lyen epi yap redirije w sou yon lòt paj pou ranpli yon aplikasyon pou Asistans Chomaj nan ka Pandemi sou kont CONNECT ou a.

Kesyon: Konbyen dire ak kantite maksimòm benefis mwen ka resevwa a ye?

Repons: Dire benefis Florid la ka ajiste dapre pousantaj chomaj eta a, men montan maksimòm benefis chak semèn nan rete menm jan an. Anplis, CARES Act bay yon lòt \$600 chak semèn pou jiska 1 Out 2020.

Reklamasyon Maksimòm 2019: 12 semèn

- Montan Benefis Chak Semèn (WBA, ti non an Anglè): \$275
- Montan Benefis Maksimòm (MBA, ti non an Anglè): \$3300

Reklamasyon Maksimòm 2020: 12 semèn

- Montan Benefis Chak Semèn (WBA, ti non an Anglè): \$275
- Montan Benefis Maksimòm (MBA, ti non an Anglè): \$3300

Kesyon: Yo te ban m refi nan Pwogram Asistans Reyanplwa, men èske m ka kalifye atravè gouvènman federal la.

Repons: DEO ap avize tout moun sou kalifikasyon potansyèl yo pou Asistans Chomaj nan moman Pandemi an (PUA). Pwogram Asistans Reyaplwa a pral envite w pou ranpli yon aplikasyon pou PUA. Si w poko aplike pou èd, tanpri ale sou FloridaJobs.org pou w aplike. Si w kalifye pou benefis Asistans Reyaplwa oswa benefis PUA, w ap resevwa yon lòt \$600 dola Konpansasyon Chomaj nan ka Pandemi Federal (FPUC) pou semèn chomaj ki kòmanse 29 Mas, 2020 pou jiska 1 Out, 2020.

Asitans Chomaj nan Moman Pandemi (PUA):

Kesyon: Kòman map fè konnen si mwen kalifye pou PUA?

Repons: Ou ka elijib si w te pèdi travay ou oswa travay ou te kanpe akòz konsekans dirèk COVID-19 ak si youn oswa plis nan bagay sa yo rive: ou vin pap travay, ou te pwograme pou kòmanse travay men yo pa gen travay pou ou, oswa ou devni moun prensipal lakay kap travay pou ganye yon pen akòz tèt kay la te mouri, oswa ou satisfè youn nan lòt rezon ki gen rapò ak COVID-19 ki nan lis atik 2102 (a)(3)(A)(ii)(I) CARES Act epi ou pa tap nòmalman kalifye pou Asistans Reyaplwa eta a. Sa enkli moun ki gige, travayè endepandan oswa anplwaye ki sou kontra.

Kesyon: Kòman pou w Depoze yon Reklamasyon pou PUA?

Repons: Ou dwe ranpli aplikasyon pou benefis Asistans Reyaplwa eta a anvan w aplike pou PUA. Pou ranpli yon aplikasyon, ou ka depose reklamasyon w lan sou entènèt nan www.FloridaJobs.org. Ou dwe fè demann pou benefis Asistans Reyaplwa eta a anvan w aplike pou PUA. Pandan aplikasyon an, yap mande w si COVID-19 te afekte w. Answit, yo pral detèmine si w kalifye pou reklamasyon Asistans Reyaplwa. Si yo detèmine ou pa kalifye oswa si w fin epwize tout benefis Asistans Reyaplwa w yo, alò yap envite w sou CONNECT pou ranpli yon aplikasyon pou PUA. Si w te aplike pou Asistans Reyaplwa nan dat 4 Avril 2020 oswa avan, ou dwe soumèt yon lòt aplikasyon.

Kesyon: Ki sa m dwe sonje lè m ap aplike pou PUA?

Repons: Ou dwe rapòte tout salè ou te touche. Si patwon an te peye w pandan absans ou nan travay la oswa si w retounen travay, ou dwe rapòte tout salè sa yo. Ou dwe rapòte peman pou konje maladi, peman pou vakans oswa lòt konje peye. Ou dwe bay prèv ki montre ke w tap travay pou ane kalandriye 2019 la. Ou ka fakse dokiman yo mande yo nan 1-800-222-7934 oswa poste yo nan PUA Unit P.O. Box 5350 Tallahassee, FL 32314.

Kesyon: Konbyen tan sa ka pran pou m resevwa benefis mwen yo?

Repons: Yap peye lajan PUA depi nou resevwa prèv ki montre ou tap travay ak prèv sou salè w, depi nou verifye epi detèmine ke chomaj ou a se akòz konsekans dirèk COVID-19. Chak reklamasyon ap revize sou pwòp merit li. Objektif nou se asire ke gen yon desizyon ki pran pi vit ke posib paske nou konnen w nan bezwen.

Kesyon: Pou konbyen semèn map ka resevwa PUA?

Repons: Si w kalifye pou PUA, yo pral peye w chak semèn dapre règleman federal ak eta yo. Benefis PUA yo ka dire jiska 39 semèn, kote yo va peye w jiska \$275 chak semèn. CARES Act, yon lwa Federal sou Konpansasyon Chomaj nan ka Pandemi (FPUC, ti non an Anglè) ofri moun ki kalifye yo yon lòt \$600 chak semèn anplis de montan benefis chak semèn lan. Benefis siplemantè sa yo ka disponib depi 29 Mas, 2020 pou rive 1 Out 2020.

Lwa Federal sou Konpansasyon Chomaj nan ka Pandemi (FPUC):

Kesyon: Kòman map fè konnen si mwen kalifye?

Repons: PEUC disponib pou Floridyen ki fin itilize tout benefis Asistans Reyannplwa regilye eta oswa Federal yo oswa ane benefis yo ekspire aprè, 1 Jiyè 2019. Floridyen yo ap bezwen aplike pou benefis PEUC yon fwa yo fin itilize tout balans reklamasyon aktyèl yo. Floridyen ki te deja fin itilize tout benefis yo oswa kap gen reklamasyon pou Asistans Reyannplwa yo ekspire aprè, 1 Jiyè 2019, ap gen pou aplike tou. DEO ap avize tout moun ki fin itilize benefis yo oswa ki gen yon reklamasyon ekspire aprè 1 Jiyè 2019; avi sa a va bay detay ak enstriksyon sou kòman pou aplike pou benefis PEUC.

Kesyon: Mwen te pèdi travay mwen anvan COVID-19 e mwen prèske pa gen semèn ankò ki rete, men mwen toujou pa ka jwenn travay epi patwon mwen an poko re-ouvri. Èske mwen kalifye?

Repons: Si wap resevwa benefis Asistans Reyannplwa regilye epi w toujou pap travay aprè ou fin itilize tout benefis ou yo, ou kapab kalifye pou PEUC.

Kesyon: Mwen pè pou m retounen travay akòz COVID-19, men mwen preske fin itilize tout benefis mwen yo. Èske map kalifye pou PEUC?

Repons: Pou w kalifye pou PEUC, ou dwe satisfè tout kondisyon kalifikasyon yo dapre lwa leta ak lwa federal ansanm avèk CARES Act.

Kesyon: Konbyen lajan map resevwa?

Repons: Floridyen yo kapab kalifye pou jiska \$ 275 (+ \$600 ki soti nan FPUC) lajan benefis chak semèn. Note byen lòt \$600 kap soti nan FPUC a, yap peye w li sèlman pou semèn chomaj ki te kòmanse, 29 Mas 2020 kap fini nan semèn 25 Jiyè 2020.

Kesyon: Kounye a map resevwa Asistans pou Chomaj nan moman pandemi (PUA). Èske mwen kalifye pou PEUC?

Repons: Pou kalifye pou PUA, yon moun pa dwe kalifye pou okenn lòt pwogram chomaj eta oswa federal. Sa vle di ke si w kalifye pou PEUC, ou dwe premyèman itilize benefis sa yo anvan pou w kalifye pou PUA. Yon moun ka resevwa benefis sèlman nan yon pwogram chomaj alafwa a lesepasyon FPUC.

Kesyon: Mwen te resevwa lajan pou chomaj ane pase, men mwen fin itilize tout semèn mwen te kalifye pou yo a. Èske map ka benefisye de PEUC?

Repons: Li posib, toutfwa ou toujou pap travay epi ou satisfè kondisyon kalifikasyon yo dapre lwa eta a ak CARES Act. Moun ki jwenn avi sou kalifikasyon potansyèl yo pou PEUC ka aplike pou PEUC sou CONNECT.

Kòman pou Aplike pou Benefis Asistans Reyanplwa

Kesyon: Kòman m ka soumèt aplikasyon m nan pou Asistans Reyanplwa?

Repons: Genyen plizyè fason pou soumèt yon aplikasyon pou Asistans Reyanplwa.

1. Nouvo aplikan yo ka ranpli yon aplikasyon sou entènèt nan [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org).
2. Ou ka ranpli yon aplikasyon sou papye. Swiv etap sa yo sou entènèt nan [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org) epi poste aplikasyon w lan nan:
Florida Department of Economic Opportunity
P.O. Box 5350
Tallahassee, FL 32314-5350
3. Sant CareerSource ki atravè tout eta ka ofri èd avèk aplikasyon an sou papye. Tanpri ale sou [CareerSourceFlorida.com](https://www.careersourceflorida.com) pou jwenn adrès ak enfòmasyon pou kontakte Sant CareerSource ki nan zòn ou a. Nap rekòmande w pou rele pou konfime lè operasyon sant lokal ou an.

* Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd pou ranpli aplikasyon an sou entènèt, ou ka kontakte DEO nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759) pou yo ka ede w.

Kesyon: Ki lè yo ouvè?

Repons: Si w pa janm ranpli yon demann pou Asistans Reyanplwa, ou ka depoze yon reklamasyon pou Asistans Reyanplwa sou entènèt 24 sou 24 nan [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org).

Sistèm Asistans Reyanplwa Florid la, [CONNECT](https://www.connectfl.com), disponib soti 8:00 a.m.- 8:00 p.m. EST, Lendi-Vandredi. CONNECT ofri reklamasyon yo aksè pou aplike, depoze, jere, ak revize detay reklamasyon yo. **Tanpri sonje, pou yo ka trete peman ak aplikasyon, sistèm Asistans Reyanplwa a, CONNECT ka tanporèman pa an liy pandan lannwit lan ak wikenn.**

*Sant Sèvis Kliyan pou Asistans Reyanplwa nan Florid disponib tou pou reklamasyon ki bezwen èd. Yo louvri Lendi jiska Vandredi 7:30 AM a 6:30 PM ak Samdi ak Dimanch 8 AM pou 5 PM ET. Tanpri rele **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759) pou èd.

Tanpri ale sou [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org) pou tout dènye nouvèl sou ki lè ou ka jwen aksè sou Asistans Reyanplwa CONNECT ak Sant Sèvis Kliyan.

Kesyon: Èske nouvo aplikasyon mobil lan ([FloridaJobs.org/RAApplication](https://www.floridajobs.org/RAApplication)) konekte ak sistèm CONNECT?

Repons: Nouvo aplikasyon sou entènèt, ou ka aksede avèk aparèy mobil yo, pa konekte dirèkteman sou CONNECT. Sepandan, enfòmasyon ou soumèt sou aplikasyon an pral transfere ale sou CONNECT jeneralman nan yon semèn.

Kesyon: Kòman map fè konnen si m kalifye oswa si m pa kalifye?

Repons: Si w kalifye, wap resevwa yon desizyon alekri ki endike ou kalifye. **Si w pa kalifye**, detèminasyon alekri a ap eksplike rezon ki fè yo ba w refi a epi lap eksplike dwa apèl ou. Si w pa dakò avèk yon desizyon ki refize w jwenn benefis yo, ou ka mande yon odyans apèl.

*Asire ke ou tcheke kont Asistans Reyanplwa ou a pou tout dènye nouvèl. Sa enkli peman benefis ou yo ak avi enpòtan konsènan kont ou a.

Kesyon: Èske map resevwa yon konfimasyon aprè yo fin resevwa aplikasyon mwen soumèt la?

Repons: Aprè pwosesis aplikasyon pou Asistans Reyansplwa a fin fèt, wap resevwa yon avi pou fè w konnen si w kalifye. Gade pi ba a pou wè ki metòd komunikasyon pou chak aplikasyon.

Si w te soumèt yon aplikasyon sou papye:

Yap avize w atravè imèl oswa pa lapòs aprè aplikasyon w lan fin monte sou CONNECT avèk yon PIN tanporè pou w ka jwenn aksè sou kont ou ak pou w ka gade estati reklamasyon w lan.

Si w te soumèt yon aplikasyon sou entènèt nan FloridaJobs.org:

Yap avize w atravè imèl oswa pa lapòs aprè aplikasyon w lan fin monte sou CONNECT avèk yon PIN tanporè pou w ka jwenn aksè sou kont ou ak pou w ka gade estati reklamasyon w lan.

Si w te soumèt yon aplikasyon atravè CONNECT:

Wap resevwa yon konfimasyon nan sistèm CONNECT ke aplikasyon w lan te soumèt. Yon fwa yo fin trete aplikasyon w lan epi yo detèmine kalifikasyon w, ou ka kòmanse resevwa benefis yo. Ou gen opsyon pou fè apèl kont desizyon an si li afekte w negativman.

Tanpri konekte sou sistèm CONNECT pou tcheke tout dènye enfòmasyon sou kont ou a epi reponn tout demann pou plis enfòmasyon yo. Si w gen kesyon oswa ou bezwen èd, tanpri kontakte DEO nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759).

Kesyon: Ki kote m ka jwenn aplikasyon sou papye a?

Repons: Sant CareerSource ki atravè tout eta ka ofri w èd avèk aplikasyon sou papye a. Tanpri ale sou CareerSourceFlorida.com pou jwenn adrès ak enfòmasyon pou kontakte Sant CareerSource ki nan zòn ou a. Epitou, ou ka plen yon aplikasyon sou entènèt nan FloridaJobs.org.

Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd pou plen aplikasyon an sou entènèt, ou ka kontakte DEO nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759) pou asistans oswa pou itilize nouvo CHAT la sou FloridaJobs.org.

Kesyon: Mwen te fè yon erè nan reklamasyon m nan. Kòman mwen ka korije l?

Repons: Malerezman, depi w fin soumèt yon aplikasyon, ou pap ka fè okenn chanjman ladan. Wap oblije kontakte Sant Sèvis Klyan pou depatman Reyansplwa Florid la nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759) pou yo ka ede w.

Kesyon: Mwen manke yon pyès enfòmasyon, eske mwen dwe toujou plen aplikasyon an?

Repons: Objektif nou se pou ede w resevwa benefis ou kalifye pou li a. Enfòmasyon ki manke yo ka kreye yon reta pou detèmine kalifikasyon w. Sepandan, si enfòmasyon ki manke yo inevitab, yo kapab toujou trete reklamasyon w lan.

Kesyon: Kisa pou mwen fè yon fwa mwen fin ranpli aplikasyon m nan?

Repons: Wap oblije konplete kèk lòt bagay aprè w fin ranpli aplikasyon an.

- **Fè Demann pou Pèman Benefis yo**

Ou dwe retounen sou sistèm CONNECT chak de semèn pou fè demann pou peman benefis yo. Pwosesis sa a ede w soumèt demann pou peman pandan semèn ou pap travay yo, menm lòske reklamasyon w lan ap tann pou yo revize l. Li enpòtan pou w fè demann pou peman yo nan lespas 7 jou dat ki pwograme pou voye demann lan kèlkeswa estati reklamasyon w lan.

- **Anrejistreman Travay**
Gouvènè DeSantis, te sispann Egzijans pou Chèche travay yo pou tout reklamasyon ki depoze efektifman ant 15 Mas, 2020 jiska 1 Out, 2020.
Nan sikonstans nòmal, ou tap oblije anrejistre avèk Employ Florida. Lè wap kreye (oswa mete ajou) pwofil Employ Florida ou, ou dwe bay yon imèl valab, telechaje oswa kreye yon kourikouloum-vite aktyèl, ak konplete istwa antesedan w sou pwofil la. Si w te ranpli yon reklamasyon anvan 15 Mas oswa ou ranpli yon reklamasyon aprè 1 Out, egzijans sa a ap toujou aplikab pou ou.
- **Chèche Travay**
Gouvènè DeSantis, te sispann egzijans pou chèche travay la apati de semèn 15 Mas, 2020 jiska 1 Out, 2020. Anjeneral, ou ta oblije bay senk kontak rechèch travay pou chak semèn benefis ou mande DEO. Kondisyon sa aplikab sèlman pou semèn anvan 15 Mas ak aprè 1 Out.
- **Tout konstataasyon fè ki enkonplè**
Pandan premye pwosesis reklamasyon w lan, kapab gen anpil revizyon pou detèmine kalifikasyon w pou benefis. Yo ka poste yon korespondans ba ou oswa voye yon imèl ba ou pou tcheke bwat resepsyon Asistans Reyanplwa w lan selon metòd kontak ou chwazi a. Tanpri ranpli tout demann pou enfòmasyon pi vit ke posib pou fè pou evite tout reta nan desizyon pou kalifikasyon w. Tout korespondans ke nou resevwa atravè lapòs ka konplete sou entènèt. Epitou ou ka fakse fòmilè konplè a nan 1-877-934-1504.
- **Siveye pou avi detèminasyon monetè**
Avi detèminasyon monetè a ap bay detay sou kantite benefis ou ka resevwa chak semèn (montan benefis chak semèn), balans total reklamasyon w lan (montan benefis maksimòm), ak istwa salè ki etabli reklamasyon w lan.
- **Randevou nan biwo lokal CareerSource ou a**
Yo ka chwazi w epi mete yon randevou obligatwa pou ou nan biwo CareerSource lokal ou a. Nan randevou sa a yo pral bay w yon sèvis envididyèl pou ede kreye yon plan pou reyanplwa. Yap voye avi randevou w la ba ou atravè lapòs, kidonk, tanpri asire ke adrès ou nan CONNECT ak Employ Florida ajou. Si w pa ale nan randevou a, sa pral lakòz yon revizyon nan elijiblite w epi sa ka fè benefis ou yo retade oswa kanpe.

Kesyon: Mwen te depoze yon reklamasyon pou Asistans Reyanplwa deja (plis ke 12 mwa pase); èske mwen bezwen fè yon lòt reklamasyon?

Repons: Wi, wap bezwen depoze yon lòt reklamasyon pou Asistans Reyanplwa. Sepandan, ou pral bezwen depoze reklamasyon w lan nan sistèm CONNECT paske ou gen yon kont ki te deja kreye.

Kesyon: Mwen te deja depoze yon reklamasyon nan dènye ane a; èske mwen bezwen depoze yon lòt reklamasyon?

Repons: Si reklamasyon w te gen anvan an gen yon balans ki rete epi ki pa ekspire, wap bezwen fè yon demann pou "Re-ouvri" dosye a aprè w fin antre sou kont CONNECT ou. Sa a se yon aplikasyon ki kout pou mete ajou istwa travay ou depi lè w depoze aplikasyon orijinal la. Yon fwa ou finn fè sa, yo pral revize tout travay ki resan yo, epi semèn benefis yo pral etabli pou w reklame yo.

Epitou ou kapab kalifye tou pou Konpansasyon Chomaj Ijans nan ka Pandemi (PEUC). PEUC ap bay benefis pou jiska 13 lòt semèn a moun ki te fin itilize tout benefis reklamasyon Asistans Reyanplwa yo.

Sa vle di reklaman yo ka kolekte lajan benefis chomaj pou yon peryòd tan ki pi long pase sikonstans nòmal yo. PEUC ap bay jiska \$275 benefis chak semèn. Tanpri konekte sou kont CONNECT ou a pou ka soumèt yon aplikasyon pou PEUC, anplis de peman \$600 FPUC ki disponib jiska 25 Jiyè 2020.

Kesyon: E si patwon mwen pa reponn?

Repons: Si patwon w lan pa reponn a yon demann pou li founi enfòmasyon daprè delè ke yo ba li a, desizyon an pral fèt selon enfòmasyon ki disponib nan aplikasyon w lan.

Kesyon: Pou kisa wap poze kesyon sou patwon mwen te genyen anvan yo? Mwen te travay yon lòt kote, mwen pap depoze reklamasyon an kont yo menm.

Repons: Nap revize ak kontakte tout patwon ou te genyen pandan 18 dènye mwa ki sot pase yo konsènan travay ou. Ou pa ka chwazi ki patwon ki pou fè pati de reklamasyon pou Asistans Reyanplwa w la. Tanpri reponn tout demann pou enfòmasyon yo pou asire ke yo travay sou enfòmasyon yo alè.

Kesyon: Kisa ki konsidere kòm "kapab ak disponib" pou travay?

Repons: Gen kapasite pou chèche ak aksepte travay an plentan osi byen ke gen disponiblite pou aksepte yon orè an plentan. Anba a gen kèk egzanp ki gen rapò ak sa ki ka afekte kalifikasyon w:

- Nenpòt maladi oswa blesi/frakti pandan majorite semèn nan (enkli etènè lopital).
- Vwayaj san entansyon pou chèche travay ak demenajman.
- Ou pa gen moun pou gade timoun ou pou ou ki entèwonp kapasite w pou jwenn travay.
- Orè lekòl ou ki an konfli ak kapasite w pou travay an plentan.

Kesyon: Mwen toujou gen kesyon sou kijan pou m ranpli Aplikasyon pou Asistans Reyanplwa mwen an. Ki moun mwen ka kontakte?

Repons: Ou gen plizyè fason ou ka kontakte depatman an si w bezwen èd oswa si w gen kesyon sou kijan pou ranpli Aplikasyon pou Asistans Reyanplwa ou an.

1. Ranpli Fòmilè pou Kontakte Asistans Reyanplwa a ke wap ka jwenn [Isit la](http://racontactus.floridajobs.org) (racontactus.floridajobs.org).
2. Kontakte Sant Sèvis Kliyan Asistans Reyanplwa a nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759).
3. Epitou ou ka kontakte Sant CareerSource lokal ou a pou asistans avèk tou kesyon sou kijan pou ranpli aplikasyon an. Tanpri vizite CareerSourceFlorida.com pou plis enfòmasyon ak ki kote ke yo lokalize. Nou rekòmande w pou rele sant CareerSource ou a pou tcheke orè operasyon yo.

Kesyon: Èske map peye taks sou benefis Asistans Reyanplwa yo?

Repons: Wi, benefis yo se revni taksab. Ou ka chwazi pou retire 10% nan benefis chak semèn ou yo pou peye IRS. Ou ka jere sa aprè w fin antre sou reklamasyon w la anba "Gade ak Mentni Enfòmasyon sou Kont" ou a epi chwazi "Metòd Peman ak Opsyon Retni Taks."

Kesyon: Kisa yon 1099-G ye?

Repons: 1099-G se papyè taks depatman an voye bay tout moun nan mwa Janvyè a pou yo ka ranpli taks yo. 1099-G a ap gen detay sou kantite lajan benefis ou te resevwa pandan ane espesifik la epi lap genyen tou kantite lajan yo te kenbe pou peye IRS. Papyè taks yo disponib nan dat 31 Janvyè pou ane fiskal anvan an.

Kesyon: Kisa yon 49T ye?

Repons: Fòm 49T a se yon resi ranbousman ki montre kantite lajan ki peye bak bay Asistans Reyaplwa kòm peman anplis pou ane fiskal espesifik la. Ou ka ale sou CONNECT epi klike sou "1099G/49T mwen an" pou gade fòm yo.

Kesyon: Kòman m ka fè jwenn kopi 1099-G mwen ak/oswa 49T pou yon ane taks?

Repons: Ou ka resevwa kopi 1099-G/49T ou a plizyè fason:

- Fason ki pi rapid pou resevwa 1099-G oswa 49T w la se lè w chwazi "elektwonik" kòm metòd korespondans ou sou sistèm CONNECT. Ou ka konekte sou CONNECT epi ale sou "1099-G & 49T mwen an" nan meni prensipal la pou w ka wè senk dènye ane dokiman 1099-G oswa 49T w yo. Si w chwazi "Lapòs US" kòm metòd ou prefere, yap voye yon kopi ba ou atravè lapòs nan dat 31 Janvyè nan adrès ki sou aplikasyon w lan. Tanpri kenbe adrès ou ajou sou sistèm Asistans Reyaplwa a. Si w gen sèvis transfè kourye, Sèvis Lapòs Etazini ap transfere fòm taks ou.
- Ou ka mande yon kopi 1099-G pou senk dènye ane yo atravè imèl 1099G@deo.myflorida.com. Tanpri enkli non w, 4 dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou, adrès ki nan achiv ou, adrès aktyèl ou, yon nimewo kontak valab, ak ane taks wap mande a.
- Ou ka pale ak yon reprezantan nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759) ki pou ede w rejwenn aksè a reklamasyon w lan ak/oswa soumèt yon demann pou yo voye yon kopi enfòmasyon an ba ou.

Kesyon: Pou kisa mwen jwenn yon 1099-G pou yon ane ke mwen pat fè demann pou benefis?

Repons: Pafwa sa konn rive lè yo peye w dènye semèn benefis ou yo nan kòmansman ane a. Lòt fwa sa ka konn rive, depatman an ka konplete pwosesis apèl la ki relache yon peman nan yon dat ki byen ta. Fason ki pi fasil pou ka tcheke rezon ki fè yo voye yon 1099-G bay ou, se konekte sou CONNECT epi revize "Istwa Peman yo."

KESYON: Kont mwen an di mwen pa aktif. Èske mwen ta dwe soumèt yon nouvo aplikasyon?

REPONS: Wap bezwen depoze yon demann pou "Re-ouvri" dosye a aprè w fin antre kont CONNECT ou a.

Kesyon: DEO mete deyò yon aplikasyon sou papye. Èske sa vle di yon moun pa ka itilize sistèm sou entènèt la? Èske yo ka jwenn aksè sou sistèm Asistans Reyaplwa a oswa yo ta dwe voye yon aplikasyon sou papye?

Repons: Ka gen kèk fwa CONNECT pa aksesib (sitout nan mitan lannwit), men nou toujou ankouraje tout moun pou yo aplike sou entènèt nenpòt ki lè nan jounen an ak nenpòt ki jou nan semèn nan, ale sou FloridaJobs.org/RAApplication. Ou ka soumèt aplikasyon sou papye a sèlman si w pa kapab aplike sou entènèt.

Kesyon: Mwen gen difikilte pou m louvri 1099-G mwen an. Kisa pou m fè?

Repons: Kapab genyen yon plizyè rezon ki fè w gen difikilte pou louvri 1099-G ou a. Konsidere opsyon sa yo:

- Verifye pou wè si Adobe Acrobat Reader enstale ak resan nan òdinatè w la.
- Dezaktive blokè pop-up sou navigatè w la. 1099-G a ouvè kòm yon fenèt pop-up.
- Glise desann lè PDF la ouvè. Fòmilè a gen 2 paj epi li gen yon papye antèt ak 1099-G.
- Itilize Internet Explorer 11. Sistèm nou an pi konpatib avèk Internet Explorer 11, lòt navigatè yo ka bay pwoblèm.
- Si w kontinye resevwa erè teknik menm aprè w fin fè ajisteman sa yo, tanpri kontakte depatman

an nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759).

Kesyon: Mwen pa ka reyinisyalize PIN mwen an, eske mwen ta dwe itilize nouvo sistèm entènèt lan?

Repons: Non. Se sèlman moun ki pa janm depoze demann pou Asistans Reyaplwa deja ki ta dwe aplike nan nouvo aplikasyon an. Yap pi byen sèvi w si ou swiv etap sa yo ki anba a pou w ka reyinisyalize PIN ou an:

1. Tanpri klike isit la pou jwenn aksè sou paj dakèy CONNECT ou a.
2. Li Avi Avètisman Reklaman an epi chwazi "Mwen aksepte ke mwen te li sa ki pi wo a."
3. Antre Nimewo Sekirite Sosyal ou epi chwazi " Bliye PIN."
4. Chwazi ki opsyon ou ta renmen itilize pou Reyajiste PIN ou an. Si w pat janm konn konekte sou CONNECT, chwazi "Voye Imèl pou Reyajiste PIN."
5. Yap voye yon mesaj ba ou nan imèl nou genyen pou ou sou dosye a.

** Si w pa ka Reyajiste PIN ou a avèk opsyon ki anwo yo, kontakte nou nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759).

Kesyon: Kòman pou m tcheke estati aplikasyon w lan?

A: Aprè yo fin trete aplikasyon pou Asistans Reyaplwa w la, yap fè w konnen si w kalifye. Gade pi ba a pou metòd kominikasyon pou chak aplikasyon.

Si w soumèt yon aplikasyon sou papye:

Wap resevwa notifikasyon an nan imel ou, kap soti nan (DoNotReplyReemploymentAssistance@DEO.MyFlorida.com) oswa pa lapòs aprè aplikasyon w lan fin trete avèk yon PIN tanporè pou w ka jwenn aksè sou kont ou a epi pou w ka gade estati reklamasyon w lan.

Si w soumèt yon aplikasyon sou entènèt nan FloridaJobs.org:

Wap resevwa notifikasyon an nan imèl ou kap soti nan (DoNotReplyReemploymentAssistance@DEO.MyFlorida.com) oswa pa lapòs aprè aplikasyon w lan fin trete avèk yon PIN tanporè pou w ka jwenn aksè sou kont ou epi pou w ka gade estati reklamasyon ou lan.

Si w soumèt yon aplikasyon sou entènèt atravè CONNECT:

Wap resevwa yon konfimasyon atravè sistèm CONNECT kap fè w konnen ke aplikasyon w lan te soumèt. Yon fwa ke aplikasyon w lan fin trete epi yo detèmine kalifikasyon w, ou kapab resevwa benefis yo. Ou gen opsyon pou depoze yon apèl kont desizyon an si li pa nan avantaj ou.

Kesyon: Kilè ak kijan map ka jwenn PIN mwen an pou m ka antre sou CONNECT si mwen te aplike nan nouvo aplikasyon ki sou entènèt la oswa sou papye?

Repons: Yon fwa ke depatman fin resevwa aplikasyon w lan epi yo revize l, depatman an ap kontak w, swa nan imèl oswa lapòs.

Kesyon: Pou kisa estati aplikasyon mwen an di mwen pa kalifye?

Gen anpil rezon ki fè ou ka pa kalifye pou benefis Asistans Reyaplwa. Sa enkli enfòmasyon ki enkonplè oswa enkòrèk. Ou ka pa kalifye tou paske ou pa gen ase salè ki pou fè w kalifye pou peryòd debaz la. Tanpri revize seksyon sou kalifikasyon a nan Gid Resous pou Asistans Reyaplwa sa a pou plis enfòmasyon. Ou ka gade tou rezon pou inelijibilite yo Isit la. Si yo jije w pa kalifye, ou kapab

kalifye pou Konpansasyon Chomaj nan ka Pandemi (PUA). Li plis enfòmasyon sou Federal Cares Act avèk lòt pwogram ki disponib nan [FloridaJobs.org/Cares-Act](https://www.floridajobs.org/cares-act). Epiou, ou ka fè demann pou yon rekonsiderasyon oswa depoze yon apèl kont desizyon an si ou kwè detèminasyon an pa kòrèk.

Kesyon: Kisa estati inaktif vle di?

Repons: Estati ou ka chanje an inaktif si w pa antre sou kont CONNECT ou a pou fè demann pou benefis nan lespas sèt jou swivan dat ki pwograme pou fè demann lan. Estati sa a te tanporèman siprime pou bay reklaman yo plis tan pou reklame semèn yo.

Kesyon: Pou kisa reklamasyon mwen an toujou an atant?

Repons: Si estati ou la di an atant, sa vle di depatman an toujou ap revize epi yap travay sou aplikasyon w lan. Nan ka sa ou pa gen anyen ou bezwen fè sou kont ou pou moman sa a.

Kesyon: Èske benefis Asistans Reyaplwa yo retwoaktif nan jou ke mwen te pèdi travay mwen an?

Repons: Si w pat ka soumèt aplikasyon w lan paske ou te anpeche fè sa oswa paske sistèm nan tap bay pwoblèm, epi w ta renmen fè deman pou modifiye dat efektif depo reklamasyon w lan, ou ka ale sou www.floridajobs.org epi chwazi lyen “Demann pou Chanje Dat Efektif Depo Reklamasyon (Aplikasyon).” Si w kalifye, reklamasyon w lan ka retounen nan dat ou te fèk depoze aplikasyon w lan. Dat efektif reklamasyon PUA w la vin retwoaktif nan sistèm CONNECT.

Kesyon: Kòman map fè jwenn yon modpas?

Repons: Aprè yo fin trete aplikasyon pou Asistans Reyaplwa w la, yap avize w sou kalifikasyon w. Gade pi ba a pou metòd kominikasyon pou chak aplikasyon.

Si w te soumèt yon aplikasyon sou papye:

Ou pral resevwa notifikasyon an nan imèl oswa pa lapòs aprè aplikasyon w lan fin trete avèk yon PIN tanporè pou w ka jwenn aksè sou kont ou ak gade estati aplikasyon w lan.

Si w te soumèt yon aplikasyon sou entènèt nan FloridaJobs.org:

Ou pral resevwa notifikasyon an nan imèl oswa pa lapòs aprè aplikasyon w lan fin trete avèk yon PIN tanporè pou w ka jwenn aksè sou kont ou ak gade estati aplikasyon w lan.

Si w te soumèt yon aplikasyon sou entènèt atravè CONNECT:

Pandan pwosesis aplikasyon an sou CONNECT, ou pral gen pou konfigire PIN ou. Nou ankouraje w pou ekri l on kote epi kenbe li nan yon kote ki an sekirite.

Si w te aplike epi w te resevwa yon notifikasyon ak yon PIN tanporè, ou ka swiv opsyon pou reyinisyalize PIN ou an [isit la](https://www.floridajobs.org). Si w pa te resevwa yon notifikasyon epi w pa ka konekte pou reyinisyalize PIN ou, tanpri rele Sant Sèvis Kliyan an nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759).

Kesyon: Èske sant CareerSource lokal mwen an ka ede m depoze yon aplikasyon pou Asistans Reyaplwa?

Repons: Sant CareerSource lokal ou a ka ede w jwenn travay ak pran fòmasyon nesèsè pou mete w nan yon karyè. Sant CareerSource yo gen òdinatè, ki disponib sou randevou sèlman; ou ka itilize yo pou w jwenn aksè sou reklamasyon pou Asistans Reyaplwa w la, oswa pou depoze yon nouvo reklamasyon. Anplwaye sant CareerSource yo pa resevwa fòmasyon pou reponn kesyon espesifik sou reklamasyon pou Asistans Reyaplwa.

CONNECT

Kesyon: Kisa CONNECT ye?

Repons: CONNECTse sistèm entènèt Florid la pou trete reklamasyon pou Asistans Reyaplwa. CONNECT ofri aksè pou jere ak revize detay reklamasyon w yo.

Kesyon: Èske mwen ka itilize aparèy mobil mwen an pou ranpli reklamasyon an oswa jere benefis mwen yo sou sistèm CONNECT?

Repons: Nan moman sa a, sistèm reklamasyon nou an, CONNECT pa sipòte aparèy mobil.

Kesyon: Èske gen sèten kondisyon oswa kritè pou m ka kreye PIN lan?

Repons: Wi, tanpri asire ke lè wap kreye PIN ou an, ou swiv kritè sa yo:

- PIN ou an dwe gen kat chif.
- PIN ou an dwe gen sèlman nimewo. Yo pa pèmèt lèt ak senbòl.
- PIN ou an pa ka jan de nimewo sa yo 1111, 9999, 0000, oswa 1234.

PIN ou an pa dwe 4 dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou.

Kesyon: Èske gen okenn restriksyon pou repons sou kesyon sekirite yo?

Repons: Wi, tanpri asire ke repons kesyon sekirite ou bay yo satisfè kritè sa yo:

- Repons ou yo dwe gen ladan yo lèt ak nimewo.
- Yo pa pèmèt karaktè espesyal. (tankou: \$%#@)
- Repons ou yo dwe ant 5 ak 35 karaktè.

Kesyon: Kòman mwen ka reyinitialize PIN mwen an pou m ka jwenn aksè sou kont CONNECT mwen an?

Repons: Tanpri swiv etap ki anba yo pou Reyinisyalize PIN ou an pou w ka gen aksè sou kont ou sou CONNECT. Epitou, ou ka klike [isit la](#) pou telechaje gid etap-pa-etap la. Si w bezwen plis èd pou reyinisyalize PIN ou an, tanpri kontakte Sant Sèvis Kliyan nou an nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759).

- 1- Tanpri [klike isit la](#) pou ka jwenn aksè sou paj dakèy CONNECT la.
- 2- Li Avi Avètisman Reklaman an epi chwazi "Mwen aksepte ke mwen te li enfòmasyon pi wo a."
- 3- Nan lòt paj la, antre Nimewo Sekirite Sosyal ou epi chwazi "Bliye PIN."
- 4- Nan lòt paj la, ou gen de(2) chwa pou reyinisyalize PIN ou an, "Voye yon Imèl pou Reyinisyalize PIN" ou an oswa "Reponn Kesyon Sekirite yo." Chwazi swa youn nan yo ou ta renmen itilize pou Reyinisyalize PIN ou an. Si w pat janm konekte sou CONNECT deja, chwazi "Voye Imèl pou Reyinisyalize PIN." Yap voye yon imèl ba ou nan imèl nou genyen pou ou nan dosye a.

Kesyon: Mwen te resevwa yon erè teknik sou CONNECT. Kisa mwen ta dwe fè?

Repons: Gen twa bagay komen ki ka lokoz yon pwoblèm teknik sou CONNECT:

- Ou ka petèt bezwen netwaye kachèt ou a oswa istwa navigatè w la. Ou ka fè sa nan paramèt navigatè entènèt ou an.
- CONNECT pa konpatib ak aparèy mobil. CONNECT te fèt pou òdinatè.

- CONNECT pi byen fonksyone avèk Internet Explorer, men lap travay tou avèk lòt navigatè entènèt.

Si w kontinye resevwa erè teknik aprè w fin fè ajisteman sa yo, tanpri kontakte depatman an nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759).

Kesyon: Lè m antre Nimewo Sekirite Sosyal mwen, lisans chofè m, ak/oswa kat Idantite m, sistèm lan di enfòmasyon an pa valab. Kisa m dwe fè?

Repons: Tanpri verifye ke enfòmasyon wap soumèt la egzakteman jan li ye sou dokiman w yo. Si sistèm lan kontinye rapòte ke enfòmasyon an pa valab, aprè twazyèm tantativ la, sistèm lan pap aksepte enfòmasyon wap founi an. Si sa rive, pral gen yon swivi kap fèt nan reklamasyon w lan kote yap mande w pou voye kopi kat Sekirite Sosyal ou ki tou siyen an ak lisans chofè w oswa kat Idantifikasyon eta a te ba ou a. Depatman an ap itilize enfòmasyon sa a pou konfime idantite w.

Kesyon: Pafwa sistèm CONNECT lan di m pou mwen retounen rele pita. Pou kisa?

Repons: Gen de fwa nou gen gwo volim apèl. Si w pa ka rive antre an kontak avèk depatman an nan telefòn, tanpri voye yon imèl pou w ka jwenn enfòmasyon konsènan reklamasyon w lan. Si w deja gen yon reklamasyon, tanpri itilize imèl ou bay nan CONNECT la. Ou ka jwenn fòmilè pou kontakte Asistans Reyaplwa sou entènèt nou an, [isit la](http://www.racontactus.floridajobs.org/) (www.racontactus.floridajobs.org/). Epitou nou te louvri yon sèvis chat pou w ka jwenn repons a kesyon w yo sou entènèt nan FloridaJobs.org.

Kesyon: Mwen bloke sou kont mwen an. Li di ke yo bezwen verifye idantite m, men pèsòn pa reponn telefòn lan oswa reponn imèl mwen an. Kisa pou m fè?

Repons: Pou moman sa a, nou pa bezwen plis dokimantasyon pou verifye idantite w, pansan ke aplikasyon an konplè epi w te soumèt li. Si gen okenn lòt enfòmasyon ki nesèsè, yon reprezantan DEO ap kontakte w.

Kesyon: Mwen te konn gen avi yo nan bwat resepsyon mwen an. Pou kisa mwen pa wè anyen nan bwat resepsyon mwen an ankò?

Repons: Aprè w fin revize avi ki nan bwat resepsyon w yo, li al kache yon kote pou fè plas pou nouvo notifikasyon. Ou ka itilize fonksyon rechèch la nan bwat resepsyon w lan pou rale moute korespondans ou te wè deja yo. Si w vle tout atik yo parèt, chwazi bouton "Rechèch" la san w pa mete okenn enfòmasyon pou rechèch la. Tout korespondans yo ap monte sou bwat resepsyon w lan. Ou ka gade yon videyo pou ede w navige bwat resepsyon w lan isit la.

Kesyon: Mwen gen difikilte pou louvri atik ki nan bwat resepsyon CONNECT mwen an. Kòman pou m jwenn aksè sou dokiman sa yo?

Repons: Tanpri verifye detay sa yo paske yo se pwoblèm komen ki lye ak lè yon moun ap ouvri korespondans yo:

- Verifye pou wè si Adobe Acrobat Reader te enstale ak si li resan nan òdinatè w la.
- Asire ke wap itilize yon òdinatè, men se pa yon aparèy mobil tankou yon telefòn selilè oswa yon tablet wap itilize.
- Asire ke w ap itilize yon navigatè ki konpatib.
- Dezaktive blokè pop-up ki ka anpeche dokiman PDF yo louvri.

Kesyon: Mwen te resevwa yon imèl ak/oswa yon tèks ki soti nan DEO ki di mwen dwe antre sou CONNECT pou m ka wè mesaj mwen yo, men mwen pa resevwa okenn mesaj.

Repons: Akòz gwo volim reklamasyon nou resevwa yo, atik ke yo voye nan bwat resepsyon w lan ka pran kèk jou pou yo rive. Tanpri tcheke bwat resepsyon w lan nan yon lòt dat pou konfime ou resevwa

tout korespondans aprè ou te fin depoze reklamasyon w an.

Kesyon: CONNECT pa pèmèt mwen kontinye san mwen pa ranpli kondisyon rechèch travay yo ak anrejistreman travay mwen yo. Mwen te panse ke Gouvènè a te sispan sa. Pou kisa mwen pa ka ranpli reklamasyon mwen an?

Repons: Kondisyon pou anrejistreman ak rechèch travay yo te sispann pou moun ki mande benefis pou semèn 15 mas 2020 jiska 1 Out 2020. Ou pa bezwen ranpli anrejistreman travay la. Si w reponn "non" pou kesyon ki mande si w tap chèche travay lè w tap reklame pou semèn nan, yo pa pral mande w pou ranpli yon jounal rechèch travay la. Sepandan, yo pral mande w kèk kesyon adisyonèl. Tanpri sonje reklamasyon w lan pap afekte si w pa reponn kesyon an nan tan sa a. Ou dwe retounen nan sistèm CONNECT lan chak de (2) semèn pou fè demann pou benefis yo. Lè w konplete pwosesis sa a pou soumèt demann pou peman w pandan semèn ou nan chomaj la, menm si reklamasyon w lan ap revize. Li enpòtan pou w mande benefis ou yo nan lespas 7 jou kap vini yo aprè dat ou te pwograme pou w reklame benefis yo kèlkeswa estati reklamasyon w lan.

Tanpri kontinye tcheke CONNECT pou tout dènye enfòmasyon ki enpòtan sou kont ou.

Kesyon: Pou kisa CONNECT fèt tout antretyen sa yo, e pou kisa li pa disponib pou itilizatè yo nan sèten moman?

Repons: CONNECT fè antretyen chak swa pou sistèm lan ka peye floridyan yo, fè pwosesis reklamasyon ak ekzekite dènye enfòmasyon yo.

Kesyon: Kòman pou m ta chanje kalite kominikasyon mwen resevwa yo?

Repons: Aprè ou finn antre sou CONNECT:

1. Chwazi "Gade ak Mentni Enfòmasyon sou Kont" lan nan meni prensipal la.
2. Chwazi opsyon " Enfòmasyon sou Kontak."
3. Chwazi "Modifye."
4. Chwazi nouvo " Preferans Korespondans."
5. Asire ke enfòmasyon sou kontak ou yo ajou.
6. Chwazi "Soumèt."

Kesyon: Lè mwen soumèt kesyon pou konstate enfòmasyon mwen yo, pou kisa mwen dekonekte epi CONNECT pa anrejistre repons mwen yo?

Repons: Tanpri sonje CONNECT ka dekonekte w soti sou sistèm lan aprè yon peryòd de tan ou rete inaktif. Si w pase twòp tan san w pa chanje paj la sou CONNECT, yap otomatikman dekonekte w pou rezon sekirite. Tanpri asire ke si w gen yon gwo kantite enfòmasyon pou w bay nan rechèch sou fè reyèl ou yo, se pou w chwazi "Sovgade" nan pati ki anba paj la ase souvan ke posib pou evite w pèdi enfòmasyon yo.

Kesyon: Eske CONNECT te resevwa dokimantasyon siplemantè mwen te telechaje a?

Repons: Lè w atache dokiman siplemantè yo nan lis demann pou enfòmasyon yo, fòmilè an ap endike ki dokiman ki te atache avèk siksè anvan ou soumèt yo. Tanpri verifye dokiman ou ta vle soumèt yo ki nan lis la anvan w voye dokiman ankèt yo. Lè w soumèt dokiman w yo, si yo pa byen ale, wap resevwa yon erè.

Kesyon: Kisa kap pase aprè mwen soumèt aplikasyon mwen an pou Asistans Reyaplwa?

Repons: Ou pral resevwa yon imèl oswa yon lèt aprè yo fin trete aplikasyon w lan. Selon kalifikasyon w, ou va resevwa benefis yo. Ou gen opsyon pou fè apèl kont desizyon an si li afekte w negativman.

Tanpri antre sou sistèm CONNECT la regilyèman pou tcheke pou tout dènye enfòmasyon sou kont ou a, reponn tout demann pou enfòmasyon siplemantè yo. Si w gen kesyon oswa si w bezwen èd, kontakte DEO nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759).

Kesyon: Mwen gen difikilte pou m antre enfòmasyon sou sitwayènte m/otorizasyon travay mwen.

Repons: Tanpri ekri nimewo dokiman otorize ke w ka founi an. Si w kontinye gen difikilte, sistèm lan ap aksepte enfòmasyon w aprè plizyè tantativ. Sepandan, y ap mande yon kopi dokiman w lan aprè ou fin ranpli aplikasyon an.

Kesyon: Eske map bezwen antre yon patwon ke mwen te sèlman travay pou yon ti tan?

Repons: Wi, nap bezwen istwa travay ou pou omwen 18 dènye mwa yo. Kèlkeswa kantite tan ou te fè nan travay la, yap itilize tout travay pou ede detèmine benefis ou yo.

Kesyon: Gen youn nan patwon m yo, mwen pa ka antre nan aplikasyon an sou CONNECT, kisa pou m fè?

Repons: Tanpri tcheke erè komen sa yo. Asire ke:

- Pa gen erè nan dat ou te kòmanse travay ak dènye dat ou te travay la.
- Dènye dat ou te travay la se te pandan oswa aprè peryòd debaz ki endike nan sistèm Asistans Reyannplwa a.
- Travay sa pa deja nan reklamasyon w lan. Ou ka itilize bouton "Avan" an pou retounen ak verifye.
- Revize avèk atansyon mesaj erè ou resevwa yo paske sa ap ede nou korije erè a. Si pwoblèm nan pèsiste, tanpri kontakte depatman an nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759) pou èd.

Kesyon: Kisa pou m fè yon fwa mwen fin ranpli aplikasyon mwen an sou CONNECT?

Repons: Ou bezwen ranpli kèk nan lòt eleman sa yo nan CONNECT aprè w fin ranpli aplikasyon w lan.

- **Demann pou lajan Benefis**

Ou dwe retounen nan sistèm CONNECT lan chak de semèn pou w ka reklame lajan benefis ou yo. Ranpli pwosesis sa a se mwayen pou soumèt reklamasyon w lan pou demann pèman pandan semèn ou nan chomaj yo, menm lè aplikasyon w lan ap tann revizyon. Li enpòtan pou w reklame benefis ou yo nan mwens ke 7 jou de dat ki pwograme pou w fè sa a, kèlkeswa estati aplikasyon w lan.

- **Anrejistreman pou Travay**

Gouvènè DeSantis te sispann egzijans sa a pou tout reklamasyon ki depoze soti nan dat 15 Mas 2020 jouk rive 1 Out 2020. Nan sikonstans nòmal, ou tap oblije anrejistre avèk Employ Florida. Lè w kreye (oswa mete ajou) pwofil Employ Florida ou, ou dwe bay yon imel valab, telechaje oswa kreye yon CV aktyèl, epi ranpli istwa antesedan w nan pwofil la. Tanpri, gade enstriksyon etap-pa-etap sa yo pou plis enfòmasyon. Si w te depoze yon reklamasyon anvan 15 Mas oswa aprè 1 Out, 2020, egzijans sa a ap toujou aplikab pou ou.

- **Koòdone pou travay ou chèche**

Gouvènè DeSantis sispann egzijans sa a pou semèn 15 Mas, 2020 jouk rive 1 Out, 2020. Ou oblije bay senk koòdone travay ou tap chache pou chak semèn benefis ou mande depatman an. Kondisyon sispansyon chèche travay sa yo aplikab pou reklamasyon w te fè pou

semèn aprè 15 Mas 2020 jouk rive 1 Out 2020.

- **Rezilta Rechèch Fè reyèl yo enkonplè**

Pandan premye pwosesis reklamasyon w lan, nou pral fè anpil revizyon sou kalifikasyon w pou benefis. Nap voye ba ou yon korespondans oubyen nap voye yon imel ba ou ki raple w pou w ka tcheke bwat CONNECT swivan metòd kontak ou te seleksyone a. Tanpri ranpli tout demann pou enfòmasyon yo pi vit ke posib. Ou ka ranpli sou entènèt tout korespondans ke ou te resevwa atravè lapòs. Ou ka faks fòmilè ou ranpli yo nan 1-877-934-1504.

- **Veye pou avi detèminasyon monete w la**

Avi sa a pral ba w detay sou kantite lajan benefis ou kapab resevwa chak semèn (montan benefis chak semèn), balans total reklamasyon ou (maksimòm kantite lajan benefis), ak istwa salè ki te konstitye reklamasyon ou lan.

- **Randevou nan biwo CareerSource lokal ou a**

Yo ka chwazi w epi pwograme w pou yon randevou obligatwa nan biwo CareerSource lokal ou. Ou pral resevwa yon sèvis en-a-en pou ede w kreye yon plan Reyaplwa. Si se konsa, yap voye ba ou pa lapòs yon randevou, kidonk asire ou ke Adrès ou nan CONNECT ak anplwaye Florid ou a anfòm. Si w pa ale nan randevou ou a, sa ap fè rezilta yon revizyon nan kalifikasyon ou epi yo ka retade oswa refize w benefis ou.

Kesyon: Eske map touche pou semèn mwen tap tann nan? Eske mwen oblije tann yon semèn chak fwa mwen aktive aplikasyon mwen an?

Repons: Yo te sispan semèn datant lan pou reklamasyon ki te depoze aprè 29 Mas 2020, donk ou pral gen pou w touche pou semèn ou tap tann nan si w te depoze aplikasyon w lan aprè 29 Mas 2020 e anvan 1 Out, 2020.

Kesyon: Ki sa ki se yon koòdone rechèch travay valab epi ki enfòmasyon ou bezwen?

Repons: Gouvènè DeSantis te sispann egzijans sa yo depi semèn 15 Mas 2020 jouk rive 1 Out, 2020. Anvan COVID-19, ou te gen pou bay senk koòdone rechèch travay chak semèn. Kèk semèn anvan 15 Mas 2020 epi aprè 1 Out, 2020, ou te dwe bay detay sa yo pou chak kontak travay:

- Dat ou te antre an kontak avèk travay la.
- Metod ou te itilize pou kontak travay la (an pèsòn, sou entènèt, faks, telefòn, elatriye)
- Non konpayi avèk nimewo telefòn ak adrès konplè a, URL sit entènèt oswa imèl.
- Rezilta rechèch travay la
- Kalite travay wap cheche a

Kesyon: Konbyen koòdone travay ke mwen bezwen bay Depatman an pou chak semèn?

Repons: Gouvènè DeSantis te sispann egzijans sa yo pou semèn 15 Mas 2020 pou rive 1 Out 2020. Anvan COVID-19, ou te gen pou bay senk koòdone rechèch travay chak semèn. Sa yo se Eksepsyon ak ekzanpsyon:

- Si w abite nan yon komin kote popilasyon an gen anpil moun, ou dwe soumèt twa koòdone pou chak semèn.
- Si w se yon manm Sendika, ou dwe nan bon kondisyon epi kenbe kontak regilye ak Sendika a.
- Si w se yon anplwaye ki revoye tanporèman epi wap retoune travay avèk menm patwon an nan mwens pase 8 semèn, ou ekzanp de kondisyon chache travay yo.
- Si w fè pati de yon pwogram fòmasyon apwouve, ou egzan de kondisyon rechek travay yo.
- Si w kalifye pou youn nan ekzanpsyon sa yo epi w toujou ap resevwa demann pou enfòmasyon

rechèch travay konplè, tanpri kontakte nou nan 1-833-FL-APPLY (1-833-352-7759) pou asistans.

Kesyon: Mwen pat kapab reklame semèn mwen yo paske mwen pa ka ale nan CONNECT. Eske map pèdi benefis mwen pou semèn sa a?

Repons: Si q rate dat limit ki parèt sou CONNECT pou w aplike pou semèn ou yo/reklame benefis pou asistans Reyaplwà, wap toujou gen opsyon pou reklame pou semen ou yo. Reklaman yo ta dwe konnen si yo te anreta nan reklame semèn yo sa ka lakòz yon reta nan resevwa pèman yo. DEO ankouraje aplikan yo pou ale sou CONNECT epi tcheke kont yo regilyèman epi fè sa yo mande a lè li nesesè. Si w te anreta nan reklame semèn ou yo, reklaman yo ka kontakte sant sèvis kliyan nan 1-833-APLY (1-833-352-7759) epi yon ajan ap kapab ede w.

Kesyon: Reklamasyon mwen an siyale ke li anba revizyon, kisa sa vle di?

Repons Anba revizyon vle di ke yap otantifye reklamasyon mwen an oswa yap konfime idantite ou.

Kesyon: Reklamasyon m nan siyale ke li annatant. Ki sa a vle di?

Repons: Annatant vle di ke pa gen okenn desizyon ki te fèt sou aplikasyon ou a.

Kesyon: Ki sa aktif kont annatant vle di pou reklamasyon mwen an?

Repons: Aktif refere a estati reklamasyon ou a e ke ane benefis ou an te etabli. Annatant vle di pa gen okenn desizyon ki te fèt.

Kesyon: Kòman mwen ka fè konnen ki lè pou mwen reklame semèn mwen yo? Ki sa mwen ka fè si mwen pa ka rantre pou mwen reklame semen mwen yo? Mwen te rate dat limit pou mwen soumèt yon reklamasyon paske CONNECT te anpann. Kisa mwen dwe fè?

Repons: Nan fen aplikasyon ou a, li pral di w ki dat wap bezwen ouvri yon sesyon CONNECT ak reklame semèn ou yo. Ou pwograme pou retounen nan sistèm CONNECT ou a chak de semen pou w ka reklame benefis ou. Ranpli pwosesis sa a soumèt reklamasyon w lan pou pèman pandan semèn ou te nan chomaj yo, menm lè aplikasyon w lan ap tann revizyon. Li enpòtan pou ou reklame benefis ou yo kelkeswa sityasyon aplikasyon ou lan.

Resevwa Benefis Asistans Reyanplwa

Kesyon: Chak konbyen tan mwen pral resevwa benefis asistans pou Reyanplwa?

Repons: Asistans Reyanplwa peye chak de semèn. Sepandan, nan lide pou Floridyen yo jwenn pèman yo pi vit ke posib e akòz COVID-19 lan, anpil reklaman resevwa benefis yo chak semèn nan diferan moman. Nan tan kap vini yo ak nan jefò pou rasyonnalize pèman pou Floridyen yo, DEO pral fè tranzisyon pou pèman benefis yo ka planifye chak semèn. Reklaman yo ap komanse remake ke benefis yo ap pwograme chak de semèn pou chak semèn yo reklame benefis pèman yo.

Kesyon: Kijan mwen pral resevwa benefis yo yon fwa ke aplikasyon pou asistans Reyanplwa mwen an te trete?

Repons: Floridyen yo gen de opsyon pou resevwa benefis yo pandan pwosesis aplikasyon an.

1. **depo dirèk:** Pwosesis sa a ka pran 1-2 jou biznis pou reflekte sou kont labank ou aprè yo te fini trete aplikasyon ou a. Tanpri sonje ke akòz gwo volim aplikasyon yo, pwosesis sa a ka pran plis tan pase nòmal.
2. **Kat Debit Way2Go:** Kat Debit yo poste aprè premye pèman an fin trete epi sa ka pran 7 a 10 jou biznis pou ou resevwa li pa lapòs. Tanpri sonje ke akòz gwo volim aplikasyon yo, pwosesis sa a ka pran plis tan pase nòmal.

Kesyon: Ki lè mwen pral resevwa kat Debit mwen?

Repons: Yap emèt Kat Debit Way2Go a pa lapòs aprè yo fin fè premye pèman reklamasyon w lan sou kat Debit la. Si w te deja resevwa yon kat Debit, li valab pou twa ane apati premye dat li te emèt lan. Wap resevwa pèman reklamasyon aktyèl ou yo sou kat ou te genyen anvan. Si w pèdi ansyen kat Debit ou ak/oswa ou pat resevwa kat Debit ou a nan 10 jou biznis aprè premye pèman Debit ou a, tanpri kontakte founisè kat nou an nan:

U.S.: 1-833-888-2780

Entènasyonal: 1-210-334-6615 (Pòtoriko landan tou. Liy sa a pa gratis.)

Kesyon: Kòman m ka chanje fason m touche? Mwen vle fè depo dirèk nan plas kat Debit la.

Repons: Ou ka antre sou CONNECT epi modifiye enfòmasyon pou kont ou anba "Gade ak Mentni Enfòmasyon Kont".

Kesyon: Pou kisa mwen gen yon balans negatif sou kat Debit mwen an?

Repons: Founisè kat Debit la gen kèk frè ki asosye avèk kat la. Sa enkli yon kantite kontak limite sou liy telefòn chak mwa. Tanpri gade enfòmasyon ke yo bay ak kat ou a pou plis detay sou frè sa yo. Kat nou an bay metòd adisyonel pou w ka tcheke balans ou li gen ladan Notifikasyon SMS (mesaj tèks), tcheke balans nan ATM ki apwouve, ak pòtay entènèt pou w ka wè enfòmasyon balans ou. Tanpri ale sou www.goprogram.com pou plis enfòmasyon.

Kesyon: Pou kisa PIN CONNECT mwen an pa travay pou kat Debit mwen an?

Repons: PIN CONNECT ou a separe de PIN kat Debit la. Ou pral bezwen swiv enstriksyon ki ansanm avèk kat Debit la nan lide pou w aktive ak etabli yon PIN.

Kesyon: Pou kisa mwen pa ka antre enfòmasyon bankè mwen nan CONNECT?

Repons: Gen plizyè rezon ki ka fè yo rejte detay bank ou yo:

- Enfòmasyon ou te antre yo pa kòrèk.
- Entèfaz pou verifye enfòmasyon yo anpann kounye a.
- Bank ou a pa kalifye pou depo dirèk
- Wap esè itilize yon kat prepeye pou depo dirèk.

Tanpri sonje sa, se pa tout enstitisyon finansyè ke nou aksepte; bank ou a kapab pa kalifye pou depo dirèk. Tanpri chwazi kat Debi si ou pa gen yon lòt enstitisyon finansyè.

Kesyon: Ki sa ki dire ak kantite maksimòm benefis mwen ka resevwa a?

Repons: Dire benefis yo nan Florid kapab ajiste selon nivo pousantaj chomaj la ye nan eta a, men kantite benefis maksimòm nan rete menm jan.

Reklamasyon Maksimòm 2019: 12 semèn

- Montan Benefis Chak Semèn (WBA, ti non an Anglè): \$275
- Montan Benefis Maksimòm (MBA, ti non an Anglè): \$3300

Reklamasyon Maksimòm 2020: 12 semèn

- Montan Benefis Chak Semèn (WBA, ti non an Anglè): \$275
- Montan Benefis Maksimòm (MBA, ti non an Anglè): \$3300

Kesyon: Kijan yo te kalkile benefis mwen yo?

Repons: Nou kalkile Benefis ou yo konsa:

- Salè yo te itilize pou detèmine kantite benefis ou yo, se kat premye trimès nan senk dènye kalandriye yo.
- Reklamasyon w te ranpli apati de 1 Avril 2020, itilize salè w te touche ant 1 Janvyè 2019 ak 31 Desanm 2019.
- Yon fwa nou gen salè nan achiv nou, nou tcheke sa ki annapre yo pou detèmine si ou kalifye pou benefis:
 - \$3,400 salè brit minimòm nan peryòd debaz la.
 - Ou dwe gen yon minimòm de (2) trimès salè ki kouvri.
 - Salè total brit pou peryòd debaz la dwe plis pase 1,5 fwa peryòd salè ki pi wo pandan trimès la.
- Yon fwa nou konplete odit sa yo, etap final yo senp:
 - Kantite benefis chak semèn (WBA) sezon ki pi wo a divize pa 26 oswa kantite lajan chak semèn nan \$275, oubyen sa ki pi piti.
 - Kantite benefis Maksimòm (MBA).
 - MBA se salè total nan peryòd debaz la divize pa 4 oswa maksimòm anyèl la, oubyen sa ki pi piti.

Kesyon: Mwen pa wè patwon m sou detèminasyon monetè mwen an. Pou kisa?

Repons: Plizyè faktè ka lakòz sa a:

- Li posib pou ke travay ou te genyen an pat peryòd baz ke yo te revise a.
- Travay ou ak salè w la pa ta dwe kouvri salè w pou asistans pou Reyaplwa.
- Li posib ke salè ou te touche yo te mal rapòte oswa rapòte anreta.
- Gen de etap rapid pou tcheke pou pwoblem komen yo:
 - Tcheke ke enfòmasyon travay ki manke a se pandan peryòd debaz yap revize a.

- Tcheke enfòmasyon w yo (espesyalman nimewo Sosyal Sekirite ou) kòrèk sout tout fòm taks yo.

Si w jwenn yon erè oswa ou toujou gen enkyetid konsènan salè ou ki manke a, ou ka fè yon demann pou yon revizyon monetè pandan wap swiv enstriksyon ki sou detèminasyon monetè w la. Demann sa a dwe fèt nan mwens ke 20 jou de dat detèminasyon an.

Kesyon: Aprè mwen fini depoe yon reklamasyon, balans mwen genyen ki rete an te ba. Mwen te tounen nan travay, Pou kisa mwen pa gen plis lajan ki disponib?

Repons: Ou pa kapab resevwa plis pase kantite lajan maksimòm benefis ou dwe resevwa nan yon ane.

Kesyon: Mwen wè mwen gen benefis ki disponib sou yon ansyen reklamasyon, Eske mwen kapab resevwa lajan sa a?

Repons: Yon fwa ke dat reklamasyon w la ekspire, lajan an pa disponib ankò epi ou dwe depoze yon nouvo reklamasyon epi pou yo revize l pou wè si w kalifye.

Kesyon: Ki chanjman ki te fèt nan kat Debit pou asistans Reyaplwa a?

Repons: Eta Florid la te chanje founisè kat Debit li yo. Pwogram mak fabrik Visa Wells Fargo EPPICard la sispann resevwa lajan depi 25 Oktòb, 2019, epi kat la pa valab depi 11 Desanm 2019. Yon nouvo kalite kat Debit kat prépayé Comerica MasterCard te delivre 2-3 semèn anvan chanjman an. Tout benefis asistans Reyaplwa ke w resevwa aprè 25 Oktob 2019 la ap disponib sou nouvo kat sa a. Ou pa pral resevwa yon nouvo kat Way2Go si w pa aktivman resevwa benefis.

Kesyon: Mwen pap resevwa benefis asistans pou Reyaplwa yo. Pou kisa mwen resevwa yon avi sou kat Debit lan ki an rapò ak asistans Reyaplwa?

Repons: Ou te ka resevwa avètisman an paske dosye nou yo endike ke ou gen yon balans eksepsyonel sou kat EPPI ou a depi lè ou te konn resevwa benefis. Lajan yo pa disponib ankò sou kat la aprè 11 Desanm 2019. Si w gen nenpòt kesyon siplemantè sou aksè nan balans kat ou a, rele 1-888-898-3584.

Kesyon: Ki sa kap rive si mwen pa sèvi ak lajan ki sou kat mwen genyen kounye a?

Repons: Kat EPPI ou a pap valab aprè 11 Desanm 2019. Si aktyèlman wap resevwa benefis asistans pou Reyaplwa, tout balans ki rete ap transfere sou nouvo kat Way2Go a. Si w pa gen yon reklamasyon aktif, ou pap gen aksè pou resevwa lajan an aprè dat limit lan. Ou ka kontakte sèvis kliyan nan 1-888-898-3584 pou resevwa enstriksyon sou kòman ou kapab jwenn lajan ki rete a.

Kesyon: Eske mwen ka transfere balans ki rete sou kat aktyel la ale sou yon kont labank?

Repons: Wi, ou ka transfere balans ki rete a nan nenpòt kont labank ou genyen ki nan Etazini. Pou w fè sa rele liy sèvis kliyan otomatik la nan 1-888-898-3584. Gen yon frè \$1,50 pou chak transfè. Si wap resevwa benefis kounye a, chanje a dirèk deposit nan CONNECT ap sèlman afekte pèman kap vini yo.

Kesyon: Eske kat aktyèl la ap toujou valab menm si mwen resevwa ak aktive nouvo kat la?

Repons: Non, lajan ke yo te voye sou Kat EPPI ou la te disponib jiska 11 Desanm 2019. Tout benefis yo te voye ba ou aprè 25 Oktob, 2019 pral sèlman disponib sou nouvo kat Way2Go ou a.

Kesyon: Eske lajan mwen yo aksesib kounye a sou tou de, kat aktyèl ak nan nouvo a?

Repons: Non, yo se balans separe. Tout pèman jiska 24 Oktòb, 2019 te fèt sou Kat EPPI a. Tout

pèman apati de 25 Oktob, 2019 ale sou kat Way2Go la. Nenpòt balans ki rete sou EPPICard rive nan dat 11 Desanm 2019 te transfere ale sou kat Way2Go a.

Kesyon: Ki etap mwen bezwen swiv pou m aktive nouvo kat mwen an?

Repons: Ou pral bezwen ale nan [GoProgram.com](https://www.GoProgram.com) epi kreye yon idantifikasyon itilizatè ak yon modpas. Asire ke w gen nouvo kat Way2Go w la avèk ou lè wap anrejistre nouvo kont ou a. Si w gen pwoblèm, rele liy sèvis kliyan yo nan 1-833-888-2780

Kesyon: Ki lè mwen ka espere touche?

Repons: Anvan epidemi COVID-19, li te konn pran twa a kat semèn (pansan ke pa te gen okenn pwoblèm ak aplikasyon an) pou pwosès yon reklamasyon. Nou pa gen yon dire tan egzak de ki lè yon moun pral touche. Sepandan, nap travay avèk dilijans pou pwosès reklamasyon yo fèt pi vit ke posib.

Abitraj

Kesyon: Ki pwosesis abitraj la ye?

Repons: Depatman an ap revize detay ki antoure yon zafè pou detèmine kalifikasyon w pou benefis. Pati ki angaje yo pral envestige pou mande enfòmasyon ki nesèsè pou yo ka pran yon desizyon. Yon abit kapab kontakte w oswa yon patwon pou klarifye detay yo resevwa yo anvan yo pran yon desizyon. Kontak sa a ka fèt pa telefòn, imèl oswa atravè bwat resepsyon CONNECT ou a.

Kesyon: Pou kisa reklamasyon m nan annatant yon desizyon abit oswa kalifikasyon m annatant?

Repons: Chak fwa reklamasyon w la gen yon atik annatant solisyon, ou pral gen yon mesaj ki endike ke aplikasyon w lan annatant pou abitraj. Pandan ke sa a souvan vle di ke pèman yo dwe rete bloke jiskaske revizyon an konplete, gen kèk sityasyon ki ka bloke pèman benefis yo ak yo se sèlman revize oswa verifikasyon ki anba.

Kesyon: Konbyen tan abitraj la pran?

Repons: Espas tan varye depann de plizyè faktè, ki gen ladan yo gravite pwoblèm yo ak tan sa a pran pou egzamine yo. Akoz gwo volim reklamasyon, kèk dosye ka pran jouk rive sis semèn n oubyen pi long pou rezoud yo.

Kesyon: Mwen resevwa desizyon ki kalifye m, Pou kisa mwen poko touche?

Repons: Yap revize pwoblèm yo separeman. Pandan ou ka resevwa yon desizyon ki kalifye w, ou ka gen lòt kesyon ki ap tann konsiderasyon oswa kesyon ki diskalifye w. Si ou resevwa yon avi diskalifikasyon e w pa dakò, ou ka suiv dwa apèl yo sou avi an epi mande yon odyans apèl sou kesyon an. Yo pap ka pèman yo jouk tan tou desizyon yo konplete e ou pa gen ankenn diskalifikasyon.

Kesyon: Pou kisa mwen pa te resevwa yon desizyon apre mwen fin ranpli investigasyon mwen nan?

Repons: Reponn a yon investigasyon pa konplete revizyon yon pwoblèm. Patwon an dwe reponn (oswa pa reyisi pou reponn anvan dat limit la) e yon abit dwe disponib pou revize tout fòm soumèt yo.

Kesyon: Eske m ka pale ak yon abit?

Repons: Pifò nan pwoblèm ki anba konsiderasyon yo pa mande kontak dirèk ak yon abit pou li ka fè yon desizyon. Abit yo ap revize reyalite yo jwenn an konsiderasyon ak pwoblèm yo tap revize yo e yap pran desizyon yo a selon enfòmasyon ki disponib yo. Li enpotan ke ou konplete konsta yo jwenn yo ak anpil dilijans pi vit ke posib. Yon abit ap gen pou kontakte w si yo bezwen plis enfòmasyon.

Kesyon: Mwen rate apèl yon abit. Kisa mwen dwe fè?

Repons: Tanpri verifye mesajri vokal ou ak anpil atansyon. Yo ka mande w pou w pale dirèkteman avèk yo epi mete yon dat limit pou retounen yo apèl la. Kèk lòt fwa, yo ka mande ou pou ouvri sesyon nan CONNECT ak konplete kèk lòt konsta adisyonèl yo jwenn, pou yo ka rann yon desizyon.

Kesyon: Mwen te diskalifye pou plizyè semèn. Ki sa sa vle di?

Repons: Yo pap peye m Semen mwen te diskalifye yo poutèt desizyon yon abit. Verifye rapò diskalifikasyon an pandan wap tcheke "desizyon" pwoblèm ki poko rezoud ak rezime desizyon

seksyon. nan CONNECT oubyen nan bwat resepsyon CONNECT ou. Si ou pa dakò ak avi diskalifikasyon an, ou gen dwa pou ou fè apèl.

Kesyon: Mwen pa dakò avèk desizyon an, kisa mwen dwe fè?

Repons: Ou gen dwa pou konteste desizyon an si ou pa dakò avèk "rezonman ak rezilta" yon desizyon. Klike [isit la](#) pou w depoze yon apèl.

Apèl

Kesyon: E si mwen pa dakò avèk desizyon benefis asistans Reyaplwa mwen an?

Repons: Ou gen opsyon pou fè apèl ak ekip nou an nan mwens ke 20 jou kalandriye apati dat desizyon an. Vizite [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org) pou telechaje yon fòm avi apèl.

* Chwazi youn nan opsyon ki anba yo pou soumèt demann apel ou a.

Entènèt: atravè [CONNECT](#)

Imèl: RA.AppealsClerks@deo.myflorida.com

Lapòs: Office of Appeals

P.O. Box 5250,

Tallahassee, FL 32399-5250

Faks: 1-850-617-6504

Kesyon: Yo te refize m benefis chomaj, men mwen te revoke poutèt COVID-19. Eske mwen dwe soumèt yon apèl?

Repons: Ou kapab depoze yon apèl si ou resevwa yon desizyon ki afekte ou negativman, epi ou dakò avèk "rezonman ak rezilta yo" sou desizyon nan seksyon an. Desizyon w la ap bay dwa apèl ak enfòmasyon ki nesèsè sou koman pou soumèt apèl ou a.

Kesyon: Eske yo resevwa demann pou rekonsidere lajan m nan?

Repons: CONNECT pap montre w ankenn konfimasyon sou ekran lè w soumèt li. Verifye ke yo te resevwa aplikasyon an lè wap tcheke "Detèminasyon, pwoblèm annatant ak rezime desizyon" seksyon nan CONNECT ak revize seksyon "zafè Lajan Annatant". Ou ta dwe wè yon atik annatant ki atache nan non patwon an kote ou te rapote pwoblèm salè yo.

Kesyon: Ki sa ki yon odyans apèl ye?

Repons: Yon odyans apèl pwograme lè ou menm osinon yon patwon pa dakò ak yon desizyon depatman an pran epi li ta vle gen yon odyans ak abit apèl yo. Pou pwoteje dwa ou, li enpotan pou w patisipe nan odyans la, menm si lòt pati a ranpli apèl la. Desizyon odyans sa a pral ranplase desizyon ki te sòti nan apèl la

Kesyon: Kijan mwen ka fè apel?

Repons: Ou dwe mande yon odyans apèl nan 20 jou kalandriye apati dat yo te bay desizyon an. Si 20èm jou a tonbe yon Samdi, Dimanch oswa jou Ferye legal, ou kapab depoze apèl la nan pwochèn jou ouvrab la. Ou ka soumèt demann apèl ou pa lapòs, faks, imel oswa sou entènèt nan CONNECT. Tanpri ranpli yon avi apel pou aplikasyon ou pa lapòs oswa faks. Tanpri itilize gid CONNECT la pou w aplike sou entènèt. Pou soumèt pa imel, atache avi apèl ou a epi voye l nan RA.AppealsClerks@deo.myflorida.com

Kesyon: Kijan pou mwen ranpli yon apèl an reta?

Repons: Ou ka faks, voye yon imel oswa voye rekèt pa lapòs epi mete jistifikasyon pou apèl an reta, si ou rate peryod apèl 20-jou a, li te plis pase 90 jou depi dat detèminasyon w la epi ou ta vle mande yon apèl an reta.

Faks: 1-850-617-6504

Imèl: RA.AppealsClerks@deo.myflorida.com

Lapòs: Office of Appeals

P.O. Box 5250

Tallahassee, FL 32399-5250

Kesyon: Kouman pou mwen konnen ke yon apel te depoze?

Repons: Ou pral resevwa yon Notifikasyon nan bwat resepsyon CONNECT ou oswa pa lapòs tou depann de preferans ou.

Kesyon: Eske mwen oblije kontinye reklame pèman benefis yo?

Repons: Wi, ou ta dwe kontinye reklame benefis osi lontan ke ou pap travay, menm si yo ta mande oswa ap fè yon odyans, yo te pran yon desizyon, oswa yon apèl te fèt ak komisyon apèl asistans Reyaplwa oubyen tribinal jidisyè. Asire ou pou ou kontinye suiv tout lòt enstriksyon pou benefis asistans pou Reyaplwa.

Kesyon: Ki kote odyans yo ap fèt?

Repons: Apèl odyans yo fèt pa telefon. Wap resevwa yon avi odyans ki endike dat ak lè yon apel abit la ap rele ou pou odyans ou a.

Kesyon: Kijan apèl odyans la dewoule?

Repons: Ofisye odyans la ap rele ou nan jou ak lè odyans la. Odyans la se yon opòtinite pou prezante tout enfòmasyon, tankou deklarasyon vèbal ak dokiman. Pandan odyans la, ou ap gen opòtinite pou reponn kesyon ak bay enfòmasyon sou avi yo te bay la. Si gen lòt pati oswa temwen ki prezan nan odyans la, ou ka tandè temwayaj yo epi poze yo kesyon tou. Si ou te bay oswa resevwa dokiman pou odyans la, nou kapab diskite dokiman yo pandan odyans la.

Kesyon: Kisa ki rive si mwen pa patisipe?

Repons: Si moun ki pat dakò desizyon an patisipe, odyans lan ap fèt. Desizyon an pral baze sou prèv ke l te prezante. Si ou pa patisipe, temwayaj ou pap konsidere. Si ou te ranpli apèl la epi ou pa patisipe, yap rejete ka ou a.

Kesyon: Kijan mwen ka fè aranjman pou temwen?

Repons: Kontakte epi mande temwen an pou temwaye. Pi bon temwen an se yon moun ki gen konesans pèsonèl sou reyalite yo. Yon temwen ki te prezan nan yon evènman pi bon pase yon moun ki te enfòmè sou li pa yon lot moun. Si posib, ou menm ak temwen ou ta dwe nan menm kote a pou odyans la. Si yon temwen pa kapab nan menm kote ou ye a ou yap bezwen kontakte l nan yon lot nimewo telefon, bay non ak nimewo telefon temwen an nan biwo apèl la pa faks, lapòs oswa imel. Mande temwen an pou li disponib nan tan odyans la pwograme a epi pou rete disponib jiskaske abit la oubyen ou kanpe dosye a. Si yon temwen refize pou temwaye volontèman, yo ka mande yon Asiyasyon pa ekri sou avi odyans la.

Voye demann lan pa lapòs oswa pa faks pi vit ke posib, pou ke yo ka itilize asiyasyon an anvan odyans la. Mete nimewo a dosye; non, Adrès ak nimewo telefon temwen an (si li disponib), osi byen ke yon deskripsyon detaye sou nenpòt dokiman ke temwen an dwe bay pou odyans la.

Lapòs: Office of Appeals
P.O. Box 5250
Tallahassee, FL 32399-5250
Fax number: 1-850-617-6504

Kesyon: E si mwen bezwen yon entèprèt?

Repons: Yap òganize tradiksyon pou moun ki endike ke lang prensipal yo lòt lang ke Anglè. Si ou bezwen yon tradiktè e avi odyans la pa endike ke ou bezwen tradiktè, kontakte biwo apèl la imedyatman yo endike ki lang ki nesèsè pou yo ka fè aranjman yo.

Kesyon: Kisa ki rive si mwen oblije chanje dat odyans mwen an?

Repons: Ou ka mande yon ranvwa si gen yon rezon ki konvenkan ki montre pou ki sa ou pa kapab patisipe jan sa te planifye. Demann lan kapab fèt alekri anvan odyans la oswa nan anrejistreman pandan odyans la. Ou ka soumèt yon demann ekri atrave CONNECT, pa faks, pa lapòs oswa pa imel nan DEOAppeals.Magistrate@deo.myflorida.com. Ou dwe itilize fòm demann lan. Si ou pa kapab sevi ak fòm nan, mete ladann yon bon rapò deklarasyon pou pouswit ak referans nan nimewo dosye ou a. Abit la ap fè ou konnen pa ekri si yo aksepte aplikasyon w lan. Si yo pa resevwa repons ekri, sipoze yo refize demann lan. Disponib pou odyans la ak prepare w pou prezante ka ou a.

Kesyon: Sak pase si mwen te rate odyans la?

Repons: Si ou rate yon odyans, ou dwe fè tout dilijans pou w mande yo louvri ankò. Ou dwe depoze sou entènèt nan kont CONNECT ou Nenpòt demann pou yon nouvo odyans oswa pa lapòs, voye yon faks oswa yon demann ekri nan Adrès la oswa faks nimewo ki nan avi odyans la oswa desizyon an. Pou soumèt pa imel, atache yon deklarasyon ak rezon kif è ou pat ale nan odyans la epi voye li nan RA.AppealsClerks@deo.myflorida.com. Nimewo dosye pou odyans ou te rate dwe enkli nan deklarasyon an. abit apèl la pral pran yon desizyon sèlman si li jwenn bon jan rezon ki te fè ou pat parèt nan odyans la. Se sèlman rezon konvenkan ak nesèsè yo kap kore kòz ou a. Si demann ou pou yon nouvo odyans akòde, ou dwe prezante prèv ki valab pou nouvo odyans la ak egzesis pou montre dilijans ou pou eseye planifye orè ou oswa mande yon ranvwaman. Si bon koz la pa pwouve, desizyon anvan an yap toujou kenbe ansyen an.

Kesyon: Eske mwen ka retire apèl mwen?

Repons: Ou ka retire yon apèl lè ou soumèt yon demann retrè ekri nan CONNECT, pa lapòs oswa faks nan bay biwo apèl la oswa pa faks sou avi odyans la. Mete non ou ak nimewo dosye ak rezon ki fè w fè retre a. Nan pifò ka yo, ou pa ka relouvri yon apèl ou retire

Lapòs: Office of Appeals
P.O. Box 5250
Tallahassee, FL 32399-5250
Fax number: 1-850-617-6504

Kesyon: Eske mwen bezwen pran yon avoka?

Repons: Repezantasyon pwofesyonèl pa nesèsè, e pifò moun repezante tèt yo nan odyans asistans pou Reyanplwa. Ou gen dwa pou ou repezante pa yon avoka oswa yon repezantan otorize avèk pwòp lajan pa ou. Frè repezantasyon yo dwe apwouve pa abit apèl yo, men se ou kap peye. Ou ka

pran avoka a pou reprezante w nan yon biwo Legal Aid lokal nan yon pri redwi oswa san lajan pou reklaman ki pa touche anpil lajan yo. Pou plis enfòmasyon sou pran yon avoka, kontakte Florida Bar Association toll-free nan 1-800-342-8011. Si w pran yon avoka oswa pèmèt yon moun reprezante w, bay non moun nan, adrès ak nimewo telefòn li a biwo apèl la pou asire w ke yo voye tout avi yo bay moun sa a.

Kesyon: Ki lè map resevwa yon desizyon?

Repons: Ou pral resevwa desizyon pi vit ke posib elektwonikman oswa pa lapòs aprè odyans la. Desizyon an ap gen ladan li rezilta reyalite a, desizyon lalwa yo ak rezilta yo, ki pral konfime, oswa ranvèse desizyon an oswa rejete apèl la. Ou ka wè yon desizyon apèl la nan bwat resepsyon CONNECT ou oswa lè w chwazi Detèminasyon, wap jwenn desizyon annatant lan ak paj rezime desizyon w yo sou kont CONNECT ou a.

Kesyon: E si mwen pa dakò avèk desizyon an?

Repons: Si w pa dakò avèk desizyon an, ou kapab mande yon revizyon pa komite apèl RA. Enstriksyon pou mande yon revizyon nan dokiman desizyon an. Nenpòt demann pou revizyon dwe depoze nan 20 jou kalandriye aprè piblikasyon desizyon an. Jeneralman, Konsèy Komisyon Apèl la pa pral fè yon lòt odyans; desizyon Komisyon an ap baze sou temwayaj ak lòt prèv ki te prezante bay abit la ak sou kòman abit la te itilize prèv yo pou pran desizyon an. Se poutèt sa, li trèz-enpòtan pou w prezante tout prèv ou yo nan odyans apèl la. Yon fwa revizyon an konplete, Konsèy Komisyon Apèl la pral poste lèt desizyon an bay tout pati yo.

Kesyon: Eske dosye ka konfidansyèl?

Repons: Sèlman desizyon final yo kapab pibliye, osi byen ke ekspozisyon prèv ke abit apèl la itilize pou pran desizyon an.

Fwod ak Pèman Anplis

Kesyon. Kisa yon pèman anplis?

Repons. Pèman anplis yo ka rive sou kont ou a nenpòt ki lè. Pèman anplis yo ka rezilta siveyans, enkonpreyansyon, erè teknik, nouvo desizyon, jijman, desizyon apèl, Komisyon apèl Reyanplwa, desizyon tribinal oswa lòt sikonstans ki pa depann de volonte w.

Lè Depatman an detemine yon pèman diplis te peye sou yon reklamasyon asistans Reyanplwa, yap distribye yon avi desizyon. Avi desizyon an pral detemine si aplikan gen yon pèman diplis ak ki kantite lajan an li dwe ranbouse. Aplikan an gen dwa pou konteste avi desizyon an.

Kesyon: Kijan m ka voye yon ranbousman bay DEO pou yon Pèman Anplis?

Repons: Nou aksepte ranbousman yo pa mwayen chèk oswa “money order” ak yon kupon pèman ki atache oswa ak kat kredi. Nou espere pèman anplis yo an plen. Si w pa kapab fè ranbousman an plen, ou ka fè pèman sou yon baz chak mwa. DEO pral aksepte nenpòt ranbousman sou pèman anplis yo.

Ou gen plizyè fason ou ka peye pèman anplis ou yo. Opsyon sa yo anba a:

- **Pèman pa chèk** - Tanpri poste yon chèk pèman nan adrès ki anba a. Tanpri, fè chèk ou a peyab bay depatman Oportunite Ekonomik Florid la e bay nimewo reklamasyon w la nan liy lan memo.

Lapòs: The Department of Economic Opportunity
Benefit Payment Control
P.O. Drawer 5050
Tallahassee, FL 32314-5050

- **Pèman Kat Kredi** - Ou genyen opsyon pou w peye pèman anplis yo sou entènèt avèk kat kredi. Tanpri vizite lyen ki anba a epi swiv tout enstriksyon yo pou pèman anplis yo avèk kat kredi. [Klike isit la](http://www.floridajobs.org) pou vizite paj entènèt pèman anplis yo FloridaJobs.org. (www.floridajobs.org/Reemployment-Assistance-Service-Center/reemployment-assistance/claimants/repay-overpayment)

Retounen Pèman Anplis Federal pou Asistans Reyanplwa yo:

Pou retounen pèman federal yo, tanpri swiv opsyon ki endike pi ba a pou w ranbouse nenpòt ki pèman ou panse ou te resevwa sou kont ou. Tanpri, pèmèt plizyè jou biznis pase pou tout ranbouseman yo ou dwe yo ka resevwa ak trete.

Kesyon: Pou kisa m te jwenn lèt sa a konsènan Pwogram Kès pou Restitasyon an [Treasury Offset Program] (TOP, ti non an Anglè)?

Repons: Dèt elijib ke w te dwe DEO pral note aprè yo fini emèt lèt la bay ou ak voye bay Depatman trezò an pou li ka kolekte kantite lajan ou te dwe an atravè kalifikasyon w taks federal ou. Anplis de sa, yon frè de \$17 ajoute sou koleksyon an. Men tout sa a ki konsidere tankou dèt elijib:

- Dèt delenkan ki se rezilta yon fwod.
- Dèt delenkan ki se rezilta yon lajan w pa rapòte
- Dèt ki legalman aplikab.

Kesyon: Mwen te resevwa yon avi ki soti nan biwo koleksyon; Eske mwen dwe peye w li oswa peye li nan ajans koleksyon an?

Repons: Ou ta dwe peye ajans koleksyon an yon fwa yo voye dèt ki la twò lontan yo yon lòt kote ak lè ou resevwa avi a.

Kesyon: Pou kisa balans aktyèl pèman anplis yo diferan de sa ke koleksyon yo te bay /TOP?

Repons: Si yon pèman anplis enplike yon twazyèm pati, swa nan yon ajans koleksyon oswa nan pwogram TOP, yo pral mete yon frè pou sèvis la sou montan w dwe a. Depatman ap mete yon chaj de 15% penalite sou montan prensipal la si yo ta jwenn nenpòt pèman ki fèt nan kòken.

Kesyon: Eske mwen ka wè pèman anplis mwen yo nan CONNECT?

Repons: Si yo te distribiye yon avi diskalifikasyon ak yon pèman anplis, ou ka wè avi diskalifikasyon an ak dèt ou dwe a nan CONNECT. Sinon, ou pap kapab wè pèman anplis la nan CONNECT. Si ou gen nenpòt kesyon sou yon balans anplis, tanpri kontakte n nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759).

Kesyon: Ki sa ki konstitye fwod anrapò ak pèman anplis?

Repons: Pou resevwa yon detèminasyon fwod, Depatman an dwe konkli ke ou:

- Fè fo deklarasyon ki ka chanje oswa ogmante benefis, oswa
- Kenbe Enfòmasyon ki ka chanje oswa ogmante benefis, oswa
- Pa rapòte travay ou nan lide pou resevwa oswa ogmante benefis; oswa
- Pa rapòte sale w nan lide pou w resevwa oswa ogmante benefis.
- Nou "pa okouran" ke lwa sou asistans pou Reyaplwa yo pa egzante nou de fwod detèminasyon.

Tanpri, li tout deklarasyon fwod yo ak anpil atansyon lè wap soumèt aplikasyon an ak nenpòt reklamasyon pou benefis.

Kesyon: Kijan mwen ka evite komèt fwod asistans Reyaplwa?

Repons: Ou ka evite komèt fwod lè w:

- Rapòte klèman rezon ki fè ou pap travay. Aprè ou fini aplike pou benefis yo, Nap voye yon avi bay patwon w de fason separe sou aplikasyon w la pou mande l enfòmasyon sou rezon ki pwovoke separasyon an, UCB-412.
- Chache travay aktivman. Ou dwe ap chache travay aktivman pandan chak semèn ou aplike pou benefis yo. Ou dwe fè yon minimòm de 5 (oswa 3 nan kèk eta) kontak travay veryfyab chak semèn epi soumèt prèv kontak travay ou lè ou ap aplike pou benefis nan CONNECT. DEO fè yon kontwòl o-aza nan dosye rechek travay reklamasyon an. Nou kontakte patwon yo pou verifye si enfòmasyon ki bay yo korèk. **Gouvènè DeSantis anile kondisyon anrejistremant pou moun ki ap aplike pou benefis yo soti Mas 15, 2020 rive 1 Out, 2020.**
- Rapòte tout salè ou te touche yo. Ou dwe rapòte salè brit ou (salè ou anvan taks ak lot dediksyon) pou chak semèn ou travay ak reklamasyon benefis, menm si yo pa te aktyèlman peye w pou travay la. Sa a enkli trava tan pasyèl oswa travay tanporè. DEO itilize yon sistèm salè Cross-match. Cross-match konpare benefis ou te peye konpare ak salè ke patwon w te rapòte anba menm nimewo sekirite sosyal la pandan menm peryòd nan trimès ki nan menm kalandriye a.
- Ou dwe fizikman kapab oubyen disponib pou w fè kèk kalite travay (menm si li pa domèn ou abitye travay). Fè DEO konnen si ou pa pare, dispoze oubyen kapab travay (egzanp delokalize, nan vakans, malad, totalman andikape) pandan wap resevwa benefis RA yo.
- Rapòte tout lè yo refize w travay. Si ou refize yon òf travay, ou dwe rapòte refi a bay DEO, ki yo menm pral detemine si te gen bon rezon pou refize travay la.

- Evite erè e asire w ke yo byen peye w pou benefis yo. Pou evite erè ki ka lakòz yo peye w plis, li tout enfòmasyon nan [Manyèl Asistans Reyanplwa a](#).
- Konnen responsablite ou epi mande èd. Navige nan sistèm asistans Reyanplwa la ka kreye konfizyon. Pa riske pèdi benefis ou paske w pa konnen dwa ou ak responsablite ou. Si ou gen yon kesyon, reprezantan sèvis kliyan asistans yo la pou ede w. Rele **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759), Lendi a Vandredi, 7:30 a.m. pou 6:30 p.m. Pou plis enfòmasyon sou fwod asistans pou travay [isit la](#).

Magouy ak Vòl Idantite

Magouy pou jwen Asistans Reyaplwa

Nan moman difisil sa yo, Depatman Opotinite Ekonomik Florid (DEO) bay avètisman sou menas magouy kap ogmante sou moun kap chèche Asistans Reyaplwa ak ti biznis kap aplike pou prè. Se pou vijilan avèk fo sit entènèt, imèl, mesaj tèks, òf travay, sondaj sou entènèt ak anpil lòt avi ak mwayen ke magouyè yo ap itilize sible Floridyen ki vilnerab yo.

Kesyon: Kijan oswa ki kote mwen ka rapòte magouy nan zafè Asistans Reyaplwa ak vòl idantite?

Repons: Tanpri rapòte tout fwod yo sou entènèt nan [Floridajobs.org/ReportScam](https://www.floridajobs.org/ReportScam) oswa klike [isit la](#). Ou ka rele **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759), ekstansyon 4 pou ka rapòte sispèk pou fwod yo tou.

Kesyon: Kijan mwen ka evite yon magouy nan zafè Asistans Reyaplwa?

Repons: Ou ka rapòte tout ka fwod sou entènèt [isit la](#). Ou ka rele **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759), ekstansyon 4 pou ka rapòte sispèk pou fwod yo tou.

Konsèy pou evite Magouy:

- Pa gen frè. Si w resevwa yon apèl telefòn ki fè w konprann ke se anplwaye DEO ke li ye, epi li di w pou w peye l pou w ka jwenn asistans, swa pou biznis ou oswa pesonèl, pa bay moun sa a okenn enfòmasyon ni pa voye lajan ba li.
- Fo sit entènèt. Gen plizye sit entènèt ki fè piblisite ki di ke yo ka ba w lajan gratis. Gen kèk nan sit sa yo ki ofri sèvis gratis ak lòt ki chaje moun pou sèvis sa yo. Sit entènèt sa yo souvan mande pou enfòmasyon konfidansyèl oswa prive tankou nimewo Sekirite Sosyal ou, adrès, istwa travay ak imèl. Itilize sèlman sit entènèt ofisyèl DEO a: [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org).
- Imèl ak tèks. DEO pap pral mande w enfòmasyon pèsònèl oswa pèmèt ou verifye kalifikasyon ou oswa idantifikasyon atravè imèl oswa mesaj tèks. Si w resevwa yon imèl oswa mesaj tèks epi ou pa konnen si li soti nan DEO, kontakte yon reprezantan pa telefòn nan **1-833-FL-APPLY** (1-833-352-7759), ekstansyon 4.
- Òf travay. Si w resevwa yon apèl nan men yon moun ki di li se yon anplwaye DEO ki mande w nimewo kat kredi w ak enfòmasyon pèsònèl ou nan lide pou li anboche w, pa bay enfòmasyon an. DEO pap mande w pou enfòmasyon kat kredi w.
- Sondaj sou entènèt. DEO pa peye moun pou yo fè sondaj. Si w resevwa yon imèl ki mande w pou peman epi ki pwomèt ou yap peye w pou konplete yon sondaj, pa konplete sondaj la. Sa a se pwobableman yon tantativ pou yo jwenn enfòmasyon pèsònèl ou.

Vòl Idantite nan ka Asistans Reyaplwa

Vòl idantite ap ogmante nan sektè prive ak piblik. Vòl idantite rive lè yon moun sèvi ak enfòmasyon yon lòt moun pou fè konpran ke se pwòp idantite l. Vòl idantite ka gen ladan n salè ak enfòmasyon travay osi byen ke kat kredi ak fwod lapòs. Nan ka benefis Asistans Reyaplwa, sa ka vle di itilize enfòmasyon yon lòt moun tankou non, nimewo Sekirite Sosyal ak enfòmasyon travay.

Yo souvan dekouvri vòl idantite, lè:

- Viktim nan ap eseye aplike pou Asistans Reyaplwa epi gen yon aplikasyon ki deja egziste.
- Viktim nan resevwa yon deklarasyon benefis nan men IRS (fom 1099G) ki soti nan pwogram Asistans Reyaplwa.

- Yo bloke taks federal oswa taks eta a sou revni viktim nan.
- Patwon viktim nan ap avize ke yon reklamasyon pou benefis te depoze sou non viktim nan pandan ke l te toujou ap travay.
- Viktim nan resevwa yon demann pou enfòmasyon ki soti nan RA.

Kesyon: Kòman mwen ka pwoteje tèt mwen kont vòl idantite?

Repons: Gen plizyè fason pou w pwoteje tèt ou kont vòl idantite. Gen kèk egzanp pi ba a. Tanpri [klike isit](#) la pou w ka wè Kit pou Viktim Vòl Idantite nan Florid la.

- Lè yon moun aplike pou asistans Reyanplwa, yo pral resevwa yon desizyon monetè. Revize fòm sa a se pi bon fason pou anpeche reklamasyon an gen fwod. Detèminasyon monetè a ap bay enfòmasyon sou si moun nan gen dwa pou resevwa benefis yo, lè li te depoze reklamasyon an, ak lè lite bay enfòmasyon sou sale yo. Si w resevwa yon desizyon monetè epi w pat janm aplike pou benefis Asistans Reyanplwa, oswa non ki sou fòm nan se pa non w, ou ka yon viktim vol idantite. Si sa rive, kontakte sant sevis kliyan Reyanplwa a imedyatman. Rapòte yon detèminasyon monetè ki pa korèk se pi bon fason pou anpeche yo peye yon fo reklamasyon.
- Sekirize nimewo Sosyal Sekirite w. Bay nimewo a sèlman lè li absoliman nesèsè, epi pa ap mache toupatou avèk kat Sosyal Sekirite w.
- Pa reponn a demann san rezon pou enfòmasyon pèsònèl ou (non, dat nesans, nimewo Sekirite Sosyal oswa nimewo kont labank) ou nan telefon, lapòs oswa sou entènèt.
- Dechire tout resi, òf kredi, releve bankè ak kat ki ekspire, pou anpeche volè kap antre nan "dumpster" jwenn enfòmasyon pesonel ou.
- Revize rapò kredi ou omwens yon fwa chak ane pou asire ke li pa gen ladan kont ke w pat louvri. Tcheke li pi souvan si w sispèk yon moun te jwenn aksè a enfòmasyon kont ou.

Mete Fen nan Reklamasyon

Kesyon: Ki lè yon reklamasyon fini?

Repons: Reklamasyon an ekspire aprè 365 jou. Pèman yo ap kanpe lè balans lan fini oswa dat finisman an pase. Detèminasyon monetè w la ap enfòmè w de maksimòm balans ki disponib la ansanm avèk dat finisman reklamasyon w lan. Kantite maksimòm semèn asistans ki disponib yo se 12 semèn.

Kesyon: Mwen te retounen travay. Kijan mwen ka fèmen/anile reklamasyon mwen an?

Repons: Konpliman pou nouvo travay ou a! Ou kapab kontinye reklame benefis semèn yo pou jiska semèn ou te komanse travay la. Lè w reklame semèn ki depase semèn travay ou a, tanpri endike ke ou te travay epi wap touche lajan pou semèn nan. Si w espere travay plen tan ak/oswa touche plis pase \$275 salè brit pandan semèn ki depase semèn travay ou a, ou pa bezwen reklame benefis pou semen sa a.

Kesyon: Mwen fin epwize tout lajan reklamasyon m nan, kisa pou m fè kounye a?

Repons: Nan sikonstans nòmal, pa gen okenn lòt lajan ki disponib lè balans reklamasyon w lan rive nan \$0. Mesaj ki parèt nan "Paj Dakèy Reklamasyon w lan" sou CONNECTE ap endike dat ki pi bonè pou w fè yon nouvo reklamasyon pou benefis. Sepandan, akòz pwogram Federal CARES ACT la, Konpansasyon Chomaj Ijans nan ka Pandemi (PEUC) ajoute 13 lòt semèn benefis chomaj depi ke pwogram benefis Asistan Reyanplwa a fin epwize. Sa vle di, reklaman ki kalifye yo kapab kolekte benefis chomaj pou yon peryòd ki pi long. Tanpri, al gade nan gid etap-pa-etap PEUC a sou [FloridaJobs.org/Cares-Act](https://www.floridajobs.org/cares-act) pou plis enfòmasyon sou kijan w ka aplike pou PEUC.

Kesyon: Eske w gen ekstansyon ki disponib?

Repons: Nan sikonstans nòmal, pa gen okenn pwogram ekstansyon ki disponib. Pou lòt pwogram gouvènman ki ofri asistans, ou ka vizite www.benefits.gov. Sepandan, akòz pwogram Federal CARES ACT la, Konpansasyon Chomaj Ijans nan ka Pandemi (PEUC) ajoute 13 lòt semèn benefis chomaj depi ke pwogram benefis Asistan Reyanplwa a fin epwize. Sa vle di, reklaman ki kalifye yo kapab kolekte benefis chomaj pou yon peryòd ki pi long. Tanpri, al gade nan gid [etap-pa-etap](https://www.floridajobs.org/cares-act) PEUC a sou [FloridaJobs.org/Cares-Act](https://www.floridajobs.org/cares-act) pou plis enfòmasyon sou kijan w ka aplike pou PEUC.

Biznis

Resous ak Kesyon sou Asistans Reyaplwa

Kesyon: Mwen ta ka oblije mete anplwaye mwen yo sou revokasyon tanporè paske demann biznis mwen an ralanti akòz COVID-19. Eske kont taks mwen an ap afekte?

Repons: Gen de kalite patwon, kontribitif ak ranbousè. Patwon kontribitif yo ta dwe soulaje de chaj benefis ki asosye ak COVID-19. Sa vle di ke benefis Asistans Reyaplwa ke ansyen anplwaye yo resevwa yo paske yo te separe avèk travay yo akòz konsekans dirèk COVID-19 ka pa itilize pou kalkile pousantaj taks patwon an nan fiti. Eksepsyon sa a aplikab tou pou patwon kontribitif ki patisipe nan Pwogram Konpansasyon Tan Kout la, men eksepsyon an pa aplikab pou patwon ranbousè.

Kesyon: Eske anplwaye m yo kapab aplike pou benefis Asistans Reyaplwa, si yo mande yo pou yo retounen lakay yo pou rezon medikal epi pou yo resevwa absans peye?.

Repons: Pandan ou nan konje medikal peye a, yon anplwaye pap ka konsidere tankou yon anplwaye ki "nan chomaj" anba lwa Asistans Reyaplwa nan Florid. Se poutèt sa, si yon anplwaye ap resevwa benefis absans peye, yo pa kalifye pou benefis asistans pou Reyaplwa.

Kesyon: Kisa kap rive si anplwaye mwen yo pa resevwa absans peye, Eske yap kalifye pou Asistans Reyaplwa?

Repons: Si yon anplwaye nan yon absans non-peye, li kapab kalifye pou resevwa benefis Asistans Reyaplwa depandaman de sikonstans ki antoure absans lan.

Kesyon: Eske anplwaye m yo ka resevwa benefis Asistans Reyaplwa menm si yo twò malad pou travay?

Repons: Tout anplwaye kapab aplike pou benefis Asistans Reyaplwa. Sepandan, yo dwe satisfè kondisyon kalifikasyon yo pou yo kalifye pou benefis.

Kesyon: Kisa peryòd debaz la ye?

Repons: Peryòd Debaz la se yon peryòd kote ke yo itilize salè reklaman an pou yo ka kalifye reklaman an pou Asistans Reyaplwa. Peryòd debaz la se kat premye trimès nan senk dènye trimès kalandriye okonplè. Ou ka jwenn li lè w antre sou rezime monetè a. Tout travay ki te fèt deyò peryòd debaz la pa aplike nan salè reklaman an, men nan kèk ka (salè trimès ki an reta a), yo ka toujou jije yon separasyon pou peryòd travay ki pa peryòd debaz la.

Kesyon: Kòman m ka jwenn non itilizatè CONNECT mwen an?

Repons: Si w pa konnen enfòmasyon pou konekte yo, ou pral bezwen kreye yon non itilizatè pandan wap mete lèt E ak P, aprè sa, wap mete nimewo zewo devan Nimewo Kont Anplwayè w (EAN) ki gen 7-chif la. Wap ka jwenn EAN sou kèk korespondans ki soti nan Asistans Reyaplwa. Pafwa, yo rele l # kont RT.

Men yon egzanp sou ki jan w ka kreye yon non itilizatè. Si EAN a te 1234567, non itilize w la ta dwe: EP0123456

Tanpri kontakte sant sèvis kliyantèl pou patwon an nan 1-833-FL-APLY (1-833-352-7759), ekstansyon 6 si:

- Ou pa genyen EAN nan oubyen
- Ou genyen non itilizatè a, men ou bezwen reajiste modpas ou

Kesyon: Ki diferans ki gen ant yon patwon kap kontwibye ak yonn kap ranbouse?

Repons: Yon patwon kontribitif se yon patwon estanda ki peye Fon Konpansasyon Chomaj yo chak trimès ak benefis yo te chaje kont yo afekte pousantaj yo. Yon anplwayè ki mande enfòmasyon sou pousantaj frè yo dwe kontakte Depatman Revni. Yon anplwayè Ranbousab se yon anplwayè gouvènman (federal, militè, eta oswa ajans leta), kek òganizasyon a-bi-non likratif, ak tribi endyen ki gen yon EAN ki komanse avèk "99." Anplwayè sa yo ranbouse montan egzakt ki te peye a tandike reklaman resevwa benefis yo.

Kesyon: Mwen kwè ke yon reklamasyon te ranpli nan magouy. Kisa mwen dwe fè?

Repons: Ou tdwe kontakte Depatman an pi vit ke posib. Rele Sant Sèvis Kliyan nou an pou Asistans reyanplwa nan **1-833 FL-APLY** (1-833-352-7759), ekstansyon 4 oswa konplete fòmilè fwod la sou entènèt. Li enpotan pou reponn tout fòmilè yo voye ba ou, menm si ou te deja rele nan telefòn pou rapòte fwod la. Lè wap reponn a yon UCB-412, li enpotan pou fè li klè ke ou kwè ke reklamasyon sa te ranpli kòm rezilta de yon vòl idantite. Depatman an ap mennen ankèt sou kesyon an epi lap fèmen kont reklamasyon ki gen magouy la epi yap dechaje tout benefis ke yo te chaje sou kont anplwayè w la.

Kesyon: Mwen te resevwa let ki te di m modpas mwen an, men mwen pa konnen non itilizatè mwen. Ki sa mwen sipoze fè?

Repons: Non itilizatè w la te kreye lèske yo mete lèt E ak P, ansuit, nimewo zewo devan Nimewo Kont Anplwayè w ou lan (EAN, ti non an Anglè). EAN sou kèk korespondans ki soti nan Asistans Reyanplwa. Yo rele l pafwa kont RT, ki vle di "Taks Reyanplwa". Se yon nimewo ki gen sèt chif. Men yon egzanp sou ki jan w ka kreye yon non itilizatè. Si EAN w la se 1234567, non itilizatè w la ta dwe: EP0123456.

Kesyon: Mwen bloke deyò sistèm nan paske m te antre modpas mwen mal plizyè fwa: Kisa m dwe fè?

Repons: Si w pat byen antre modpas la plis pase twa fwa, ou pral bezwen reyajiste modpas la. Si w te ajoute yon lòt moun kòm yon administratè, moun sa a ka reyajiste modpas la pou ou. Alternativman, rele Sant Sèvis pou Kliyan Anplwayè yo nan **1-833-FL-APLIY** (1-833-352-7759), ekstansyon 6. Si w te antre li mal mwens pase twa fwa, ou ka chwazi "bliye modpas," reponn kesyon sekirite yo epi wap resevwa yon modpas tanporè atravè imèl ki nan dosye a.

Kesyon: Kijan mwen ka konnen si Asistans Reyanplwa te resevwa yon repons oswa pwotestasyon ke mwen te fakte?

Repons: Ou ka wè korespondans ou te voye bay Depatman an nan pòtay anplwaye w la sou CONNECT. Si korespondans lan te fakte, li ta dwe vizib sou pòtay ou a nan kèk èdtan. Si li pa te bakode, li ta dwe deja trete kòm chèchab sou Pòtay anplwayè w la nan 48 èdtan.

Kesyon: Mwen pa posede biznis mwen an ankò. Ki sa mwen ta sipoze fè?

Repons: Si ou pa gen biznis lan ankò e w te avèti Depatman Revni, ou pa gen anyen pou w fè ki an relasyon ak CONNECT.

Kesyon: Kòman yon patron ki pa abite nan eta a oubyen yon patron ki iresponsab ki pa nan peryòd debaz la e ke yo pa ka chaje l pou Taks Reyanplwa ka soumèt fòm UCB-412 li?

Repons: Pou w ka reponn ak avètisman yon reklamasyon (UCB-412), konekte sou CONNECT. Pou fè, wap antre ID Inik Dokiman an ak ID Reklaman an ki parèt nan avètisman. Aprè sa, seleksyone 'KONTINYE' answit wap revize tout enfòmasyon ki w te deja ranpli sou pwochè ekran an. Aprè sa a swiv etap adisyonèl yo ki anba.

1. Reponn kesyon yo ki nan seksyon "Repons lan".
2. Chwazi "WI" oswa "NON" pou w endike si founisè a te travay pou ou.
3. Antre period ou tap travay yo
4. Antre konbyen lajan w fè
5. Antre rezon separasyon an
6. Antre pèman aprè anplwa w.
7. Antre travay ou nan Sèvis enfòmasyon Edikasyon
8. Antre enfòmasyon sou travay yo refize w yo
9. Ekri Komantè konsènan reklamasyon ou depoze a.
10. Telechaje tout atachman ki enpotan yo.
11. mete enfòmasyon kontak yo.
12. chwazi 'Soumèt.'

Eksplikasyon sa yo sòti nan gid pou anplwaye a, ke w ka jwenn nan [FloridaJobs.org](https://www.floridajobs.org) yo. Ale nan pati ki make "anplwaye" a sou paj prensipal la epi swiv direktiv yo ki mennen w nan enfòmasyon an sou CONNECT.

Kesyon: Kòman pou mwen rapote nouvo anplwaye yo?

Repons: Mwen ka rapote nouvo anplwaye yo nan <https://servicesforemployers.floridarevenue.com/Web/Public/Login.aspx>

Kesyon: Ki resous ki disponib pou ti biznis mwen ki ka anpeche mwen revoke anplwaye ak ede mwen peye bil ke mwen ka gen difikilte pou m peye akòz COVID-19?

Repons: Sekirite Ekonomik, Sekou, ak Èd Coronavirus (CARES) Act bay lajan pou plizyè pwogram, ki gen ladan l Pwogram Pwotèksyon Pewòl ak Pwogram pou Aleje dèt pou Administrasyon ti Biznis (SBA). Genyen tou prè tradisyonèl SBA, tankou pwogram prè pou Desas Ekonomik ke move ekonomi kreye ak Pwogram Konpansasyon nan yon Ti tan tou Kout nan Florid .Gade pi ba pou plis enfòmasyon sou chak pwogram. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou sit entènèt nou an nan [Floridajobs.org/COVID-19](https://www.floridajobs.org/COVID-19).

- **Pwogram Pwotèksyon Pewòl** - Nan lide pou ankouraje ti biznis yo pou yo kenbe anplwaye yo sou pewòl, Lwa CARES Act bay soulajman dèt enpotan atravè SBA. Pwogram pwotèksyon pewòl la se yon prè ki fèt pou biznis ki gen mwens pase 500 anplwaye nan lide pou yo ka kenbe travay yo sou pewòl. Pwogram nan bay uit semen asistans cash-flow atravè yon prè gouvènman federal la garanti a 100 pousan. SBA ap efase dèt la si tout anplwaye yo rete sou pewòl lan panda uit semèn e lajan an itilize pou pewòl, lwaye, interè ipotèk oubyen kouran ak dlo.
- **Pwogram SBA pou Aleje Dèt** - Pwogram SBA pou Aleje Dèt la ap akode yon padon pou ti biznis yo kap simonte pwoblèm ke kriz sante sa a poze yo. Sou pwogram sa a, SBA pral peye

manman lajan ak entere sou nouvo prè 7(a) ki akode avan 27 Septanm 2020. SBA pral peye manman lajan ak entere sou prè ki te deja egziste nan 7(a) aktyèl yo pou yon peryòd sis mwa.

- **Pwogram SBA pou Prete Lajan nan Moman Dezas Ekonomik** - Pwogram SBA pou Prete Lajan nan Moman Dezas Ekonomik disponib pou ti biznis ak Òganizasyon a-bi-non likratif ke COVID-19 te gravman afekte. Lajan prete ki gen ti pousantaj entere ki ba sa yo jiska \$2 milyon ka enpotan pou sipò ekonomik pou ede yo simonte pèt tanporè nan revni yo pandan peryòd sa a.
- **pwogwam pèman pandan yon ti tan tou kout-** Pwogram pèman pandan yon ti tan tou kout la ede patron yo kenbe mendèv yo pandan yon bès tanporè nan ankouraje patron yo pataje travayè kòm yon altenatif kont revokasyon. Nan lide pou evite revoke kèk anplwaye, pwogram pèman pandan yon ti tan tou kout la pèmèt benefis Asistans Reyaplwa pou anplwaye ki gen lè travay ak salè yo redwi anba yon plan konpansasyon kou tèm. Pou w aplike pou pwogram pèman pandan yon ti tan tou kout la, tanpri swiv lyen sa a nan paj patron an sou [CONNECT](#).